ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№3 (23.161) • 2016 гъэм щIышылэм (январым) и 14, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Бышэн А. А. и Iуэхукiэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIымрэ мылъкумрэ я Iэхуэхэмкiэ и министрым и къалэнхэр щхьэщыхьн Бышэн Аэрэт Алий и къуэм.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIымрэ мылъкумрэ я Iэхуэхэмкiэ и министр игъэувыху абы и къалэнхэр игъэзэщIэну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIымрэ мылъкумрэ я Iэхуэхэмкiэ министрым и къуэдзэ Ерыстау Ланэ Ахьмэд и пхъум.

3. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм щIышылэм и 13-м
№24-УГ

● Дыгъуасэ

Журналистхэр ягъэлъапIэ

Урысей Печатым и махуэр дыгъуасэ къэрал псом щагъэлъапIащ. ХьыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм ехъуэхъуну Налшык къалэ дэт Печатым и Унэми цIыхуэхуэ щызэхьхьащ. Республикэм и Правительствэм, Парламентым, министерствэхэм къабгъэдэкIыу журналистхэм псалъэ дахэ куэд зэхахащ.

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Битокъу Владимир Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий къиГъэхьа тхыгъэм къыщеджэм къыхигъэщащ журналистхэм я Iэхуэ епльыкIэр нэсу къыдзэрагъэлъагъуэм жылагъуэр гъэзгу пэж зэрытришэр, дяпэкIи апхуэдэ жэуаплныгъэр зыхагъэлъэну зэрыщыгугъыр.

Я лэжьыгъэм хуэIэижьу илъэс куэд щIауэ зэрыпэрытым папщIэ журналистхэр фIыщIэ, щIыхь тхылъхэмкIэ игъэпэжащ. Абыхэм яхэту «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэу Хьэжькъаръ Алик, Гъурыжь Мадинэ, Жыласэ Маритэ, Щхьэщэмыщ Изэ, ТекIужь Заретэ сымэ къыхуагъэфэщащ министерствэ зэмылIэужьыгъуэхэм, КЪБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм я щIыхь тхылъхэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Хьыбар гуапэ

«Къэбэрдейхэр японхэм хъыжьагъэкIэ йофIэкI», -

жиIащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир ди къэралым дзюдомкIэ и гуп къыхэхам иджыблагъэ щыIущIам

Сочэ, 2016 гъэм щIышылэм и 7-м.

Иджыпсту Сочэ зыщызыгъасэ Урысей Федерацэм дзюдомкIэ и командэ къыхэхам хэтхэмрэ абыхэм я тренерхэмрэ мы махуэхэм яхуэзащ къэралым и Президент Путин Владимир. Абы и тренер нэхъыщхьэ Гамбэ Энцо УФ-м и паспортыр гуфIэгъуэ щытыкIэм иту хуигъэфэщащ икIи екъуIэныгъэ куэдкIэ и гъэсэныкъэ зэращыгугъыр къыхигъэщащ.

- ДЗЮДОР къыщежьар Япониеращ, ауэ абы щыщхэми дакъыщIапикIуэтын щыIэкъым, - къыхигъэщащ Путиным. - Сэ мыбы зыщызыгъасэхэм ящыщ зым сепсэлъылIати, ар къэбэрдей щIалэу къызжиIащ. Абы и зэфIэкIхэм тепщIыхьмэ, къэбэрдейхэр японхэм хъыжьагъэкIэ йофIэкI.

Урысейм и Президентым и апхуэдэ псалъэхэр лъабжьэншэкъым. Ди къэралым дзюдомкIэ и командэ къыхэхам адыгэхэм я нэхъыбэ зы лъэпкъи хэткъым. Хьэлъагъ зэмылIэужьыгъуэхэм бжьыпэр щдыгащ Европэми дунейми псоми увыпIэ нэхъ лъагэ дыдэхэр къыщызыхьахэу бэнакIуэ лъэрызехьэхэу Мудрэн Бесльэн, Джэдагъ Алим, Хьэбэчыр Мурат, Къамбий Аслъэн сымэ, нэгъуэщIхэми. УФ-м и командэ къыхэхам и тренер нэхъыжьхэщ Олимп Джэгухэм жэз медалыр къыщызыхьа Тау Хьэсэнбийрэ Гран-При дунейпсо саугъэтыр зыIущIэлъ Гъэунэ Анзоррэ. Абыхэм ерыщу зыхуагъэхьэзыр гъэмахуэ дызыхуэкIуэм Бразилием и къалащхьэм щекIуэкIыну Олимп Джэгухэм. Ди щIалэхэр а зэхьэзэхэм къызэрыщыхэжьаныкIынум шэч кьытетхэзэркъым.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Сурэтым: IэщзкIэ ЗэщIэуэзэда Къарухэм я дунейпсо чемпионатым щытекIуа, дунейпсо классымкIэ спортым и мастер, УФ-м дзюдомкIэ и командэ къыхэхам и тренер нэхъыжь **Гъэунэ Анзор** къэралым и Президент **Путин Владимир** дэщIыгъуэ.

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Гъуэгухэм къыщыхъу фэбжьхэм я бжыгъэм кIэроху

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъуэгухэм щыщыIэ щытыкIэм щытепсэлъыхьащ республикэм и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэм Правительствэм щыхухаха зэманым хиубыдэу. Депутатхэм я пащхьэ доклад щищIащ КЪБР-м щыIэ МВД-м Гъуэгухэм щынагъуэншагъэ къыщызгъэпэщыныкIэ и къэрал инспекцэм и управленэм и унафэщI Бэджыдэ Юрий.

АБЫ зэрыжиIамкIэ, нэгабэ лъандэрэ гъуэгухэм къыщыхъу щIэщхьэхэр хэпщIыкIыу нэхъ мащIэ хьуа пэтми, абыхэм я бжыгъэр иджыри инщ икIи республикэм и къэрал властым и органхэм лэжьыгъэшхэр ирагъэкIуэкI пэтми, щытыкIэм зэрызихъуэжьым арэзы укъищIыркъым. Къапщтэмэ, 2015 гъэм и мазэ 11-м къриубыдэу республикэм и гъуэгухэм транспортыр къызэрагъэсэбэпым пыщIа щIэщхьу зэмылIэужьыгъуэу 642-рэ къыщыхъуащ. Абыхэм цIыхуи 147-рэ хэкIуэдащ, цIыху 744-м фэбжь зэмылIэужьыгъуэхэр хахащ.

Гъуэгухэм шынагъуэр щагъэмэщIэн мурадкIэ «2020 гъэм нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и транспорт IэнатIэм зегъэужьыныр» къэрал программэм и программэ къуэдзэхэу «Гъуэгухэм щыIэ шынагъуэр гъэмэщIэныр», «Шынагъуэншагъэ здэщыIэ республикэ» зыфIащахэр зэхалъхьащ икIи абыхэм япкъ иткIэ транспортыр зэрызекIуэм кIэлъыплъ видеокамерэ куэд ягъэуващ. Мы зэманым апхуэдэ комплексу 30 мэлажьэ, иджыри 74-рэ къызэрагъэпэщыну я мурадщи, абыхэм ящыщу 36-р ягъэувауэ зэтрауху.

Бэджыдэ Юрий и докладым къыхигъэщащ транспортымрэ цIыхухэмрэ гъуэгухэм зэрыщызекIуэр къызэзыгъэпэщ системэм зрагъэужьын папщIэ «2013 - 2020 гъэхэм гъуэгухэм шынагъуэншагъэ къыщызэгъэпэщыныр» федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткIэ республикэ бюджетым и субсидиехэр щIыналъэхэм я бюджетхэм хуаутIыпщыну зэрамурадыр.

Республикэм и автомобиль гъуэгухэм къыщыхъу щIэщхьэхэм я бжыгъэм зэрыкIэрыхьым къыдэкIуэу ныкъуасанигъэ нэрылъагъуэхэри щыIэщ. Абыхэм ящыщу депутатхэм къыхагъэщхьэхукIащ лъэсырызекIуэхэм ящыщу транспортым пыщIа щIэщхьэхэм зэкIуэдэхэмрэ нэхъыбэ зэрыхъуар, муниципальнэ щIыналъэ щхьэхуэхэм я гъуэгухэр зэрызэкIэлъымыкIуэр, зэрымыуэ транспортыр нэхъыбэ зэрыхъым къыхэкIыу жылагъуэхэм я уэрамхэм щызекIуэгъуэй зэрыхъуар. «Транспортыр къызэрагъэсэбэпым пыщIа щIэщхьуэхэм я нэхъыбапIэр къызыхэкIыр гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэр зэрамыгъэзащIэрщ. Абы къегъэлъагъуэ транспортыр зезыгъакIуэхэм жэуапныгъэ нэс зэрахэмылъыр»,- жиIащ Бэджыдэ Юрий.

Мы Iуэхум теухуауэ зэIущIэм доклад щищIащ КЪБР-м Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Къудей Арсени. Абы зэрыжиIамкIэ, «Гъуэгухэм шынагъуэншагъэ къыщыIэзэгъэпэщыныр» программэ къуэдзэм къыщыгъэлъэгъуахэм япкъ иткIэ 2015 гъэм ухуэн щIадзащ автомашинэхэр зегъэкIуэным щыхуагъасэ «Кавказавтосити» спорт центрин. Абы трагъэкIуэдэнур бюджетым щымыщу къызэзыгъэпэщ системэм зрагъэужьын папщIэ «2013 - 2020 гъэхэм гъуэгухэм шынагъуэншагъэ къыщыгъэпэщыныр» федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткIэ республикэ бюджетым и субсидиехэр щIыналъэхэм я бюджетхэм хуаутIыпщыну зэрамурадыр.

Апхуэдэу щытепсэлъыхьащ гъуэгухэм зэрыщызекIуэ хабзэхэр зэрамыгъэзащIэм къыхэхыжьу щыIэ. Абы щыгъуэ зэрыкIэрыхьым къыдэкIуэу нэхъыбэ зэрыхъуар, муниципальнэ щIыналъэ щхьэхуэхэм я гъуэгухэр зэрызэкIэлъымыкIуэр, зэрымыуэ транспортыр нэхъыбэ зэрыхъуар къыхэкIыу жылагъуэхэм я уэрамхэм щызекIуэгъуэй зэрыхъуар. «Транспортыр къызэрагъэсэбэпым пыщIа щIэщхьуэхэм я нэхъыбапIэр къызыхэкIыр гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэр зэрамыгъэзащIэрщ. Абы къегъэлъагъуэ транспортыр зезыгъакIуэхэм жэуапныгъэ нэс зэрахэмылъыр»,- жиIащ Бэджыдэ Юрий.

Мы Iуэхум теухуауэ зэIущIэм доклад щищIащ КЪБР-м Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Къудей Арсени. Абы зэрыжиIамкIэ, «Гъуэгухэм шынагъуэншагъэ къыщыIэзэгъэпэщыныр» программэ къуэдзэм ирагъэкIуэ. Абы щыгъуэ зэрыщызекIуэ хабзэхэр зэрамыгъэзащIэм, нэгъуэщIхэми.

Зэ1ущIэм щыжиIахэм япкъ иткIэ КЪБР-м и Парламентым и Президиумым къищтащ КЪБР-м щыIэ МВД-м Гъуэгухэм щынагъуэншэу щызекIуэныр къыщыIэзэгъэпэщыныкIэ Правительствэм и комиссэм яхуэгъэза чэнджэщхэр.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Зэ1ущIэр щекIуэкIым.

Шэджэм районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр игъэзэщIэну ТекIушэ Александр и пщэ иралъхьэ

Дыгъуасэ Шэджэм муниципальнэ районым щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и советым иригъэкIуэкIа сессием къыщащта унафэм ипкъ иткIэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр игъэзэщIэну ТекIушэ Александр Артур и къуэм и пщэ иралъхьащ.

ТЕКIУШЭ Александр Шэджэм районым хьэхьэ Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм 1961 гъэм къыщалъхуащ, Къэбэрдей-Балъкъэр агромелиоративнэ институтыр, КПСС-м и ЦК-м и деж щыIа Парт школ нэхъыщхьэр къиуахащ.

«Шэджэм» колхозым инженер-гидротехник нэхъыщхьэу лэжьэн щыщIидзащ. 1991 гъэм щегъэжьауэ Шэджэм ерыскъы комбинатым и унафэщым и къуэдзэу, 1996-2004 гъэхэм Шэджэм районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэу лэжьащ. 2004-2009 гъэхэм КЪБР-м и Парламентым и Аппаратым и унафэщIу щытащ. 2015 гъэ ипъандэрэ КЪБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмкIэ, узынщагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIщ.

Хабзэм зэхъуэкIыныгъэ халъхьэ

Германием щхьэегъэзэпIэ зритахэм ящыщ куэдым щIэпхъаджагъэхэр къэралым зэрыщалэжьым игъэгубжьа щIыхуэхэр зэхуэсурэ я мыарэзыныгъэхэр къыщагъэлъагъуэ пэкIуэр иужьрей махуэхэм ирагъэкIуэкI.

Кёльн щыпсэу щIыху куэдым Илъэсыщ1эм и яп махуэхэм ятеуащ КъуэкъыпIэ Гъунэгъум, Африкэм къикIыу абы кIуаХэм ящыщхэр. Германием и хабзэм хуит уищIыркъым щтапIэ ихьэжахэр (абыхэм щIэпхъаджагъэ хьэлъэ дыдэ ямылэжьамэ) къэралым игъэкIыжьыну. Иджы а хабзэм хэпльэжьн хуей хьуащ икIи къэралым щIыхр ипхужыну хуит узыщI щхьэусыгъуэхэр куэдкIэ нэхъыбэ ящIынущ.

«Апхуэдэ унафэ къэштэныр тыншу щытакъым ди дежкIэ, ауэ ар захуагъэщ гущIэгъу ахуэтщIу зэтшэлIахэу, унэ, зэрыпсэун хуэдэхэмкIэ дызыпэIэбахэу иджы дэ лей къытхIэльэзезыхьэну яужь ит дэтхэнэми хуэгъэзауэ», - жиIащ Германием и МВД-м и Iэтащхьэ Томас де Мезьер.

Европэм и нэгъуэщI къэралхэми щыпсэухэр арэзыкъым егъэлеяуэ цIыху куэд я хэкужэм зэрыгарэзхьамкIэ. Хэхэсхэм уэрамхэр, утыкухэр, пхъэнкIий идзыпIэ фIэкIа умыщIэну, яуцIэпIащ, зи хэку исыж цIыхухэр я унэхэм къыщIэкIыну шынэу хуежьащ. А щытыкIэм цIыхубэр нэхъри егъэгубжь икIи къэрал унафэщIхэм хуагъэув щытыкIэр икIэщIыпIэкIэ зэрахъуэкIыжьыну. Ауэ ар тыншу пхузэфIэкIын Iэхуу зэрыщымытыр нэрылъагъущ.

Фейдэ хэхыпIэ яхуэхъуну къалъытэ

Я газыр Европэм зэрыкIуэн бжьамийхэр яукъуэдиину зэрамурадыр жаIащ Ираным и унафэщIхэм.

ЕС-м газыр ещанэм, бжьамийр укъуэдиным къэралым фейдэшхуэ къызэрыхуихьынум шэч кьытрахьэркъым абыхэм. «ЩыIагъэмрэ газымрэ я уасэхэр хуабжьу ехуэхэр ахэр пуд дыдэу фIэкIа тхуэмыщэми, абы ди къэралым и бюджетым хэхъуэщхуэ къыхуихьынуц», - жеIэ Ираным хамэ къэрал зэпыщIэныгъэхэмкIэ и департаментым и унафэщI Рамезани Азизолла. Апхуэдэуи абы къыхигъащ Ираным газыр Индиемрэ Китаймрэ ярищэныр зэтеубла зэрыхъунуми зэрегупсысэр.

♦ **МахуэгъэпсыжьымкIэ (Юлиан еймкIэ) Илъэсыщ1эм и яп махуэ**

♦ **Узбекистаным щагъэпъапIэ Хэкум и хъумакIуэм и махуэр**

♦ **1700 гъэм** Пётр Езанэм унафэ ищIащ пщы псоми европэ къэралхэм щыпсэуэхэм я щыгъынхэм хуэдэхэмкIэ захуэпэн хуейуэ.

♦ **1814 гъэм** Санкт-Петербург къыщызэIуахащ Императорым и библиотекэр. Абы хэти екIуалIэ хъунут.

♦ **1921 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ къэрал библиотекэ.

♦ **1929 гъэм** Москва областыр къызэрагъэпэщащ.

♦ **1980 гъэм** ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и зи мычэзу сессием щытепсэлъыхьащ советыдзэхэр Афганистаным зэрырашам икIи СССР-м ича лъэбакъуэмкIэ зэрымыарэзыр жаIащ.

♦ Адыгэпщ, Урысейм и къэрал лэжьакIуэ, дзэ къулыкъущIэ **Черкасский Дмитрий (Къаншауэ)** къызэралъхурэ илъэс 435-рэ ирокъу.

♦ Адыгэ тхакIуэ **Щакiуэ Талъостэн** къызэралъхурэ илъэси 126-рэ ирокъу.

♦ Совет тхакIуэ, Сталиным и цIэкIэ щыIа саугъэтыр зрата **Рыбаков Анатолий** (и унэцIэ дыдэр Наумовыр) къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦ Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Шэвлокъуэ Валентин** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, уэрэджыIакIуэ **Уэтэр Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

♦ Совет хоккеист, Олимп Джэгухэм тIуунейрэ (1972, 1976 гъэхэм) щытекIуа, дунейми Европэми мызэмытIэу я чемпиону щыта **Харламов Валерий** къызэралъхурэ илъэс 68-рэ ирокъу.

♦ Педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КЪБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Емуз Нинэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦ УФ-м щIыхь зиIэ и артистка **Самохинэ Аннэ** къызэралъхурэ илъэс 53-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 4, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Прокуратурэм и махуэр Налшык щаIэт

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм щекIуэкIащ Урысейм и прокуратурэр къыщыгъэзэрагъэпэщрэ илъэс 294-рэ зэририкъум теухуа гуфIэгъуэ зэIущIэ. Абы кърихьэлIащ КЪБР-м и прокуратурэм и ветеранхэмрэ нобэрей лэжьакIуэхэмрэ. Урысейм и прокуратурэм къыхэпича гъэугуанэ кIыхьым теухуауэ къыдэхуэсахэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор, юстицэм етIуанэ класс зиIэ и къэрал чэнджэщагъэ Жариков Олег.

ГУФIЭГЪУЭ махуэм илъ къихуэу ди республикэм прокуратурэмкIэ и органхэм я лэжьакIуэ щхьэхуэхэм къэрал, ведомствэ дамыгъэхэр къыхуагъэфэщащ. Урысей Федерацэм и Президент Путин В. В. и указкIэ «Хэкум и пащхьэм щIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и медалым и етIуанэ нагъыщыр къратащ КЪБР-м и прокурорым и апэ къуэдзэ, юстицэм ещанэ класс зиIэ и къэрал чэнджэщагъэ Жекеев А. М., Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщI Матвиенкэ В. И. и унафэкIэ КЪБР-м и прокурорым и къуэдзэ, юстицэм и чэнджэщагъэ нэхъыжь Махуэ А. Л. фIыщIэ къыхуащIащ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. и УказкIэ Налшык къалэм и прокурор, юстицэм и чэнджэщагъэ нэхъыжь Лъостэн З. А. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр хуагъэфэщащ, Урысей Федерацэм и Генеральнэ прокурор Чайкэ Ю. Я. и унафэкIэ Шэджэм районым и прокурор, юстицэм и чэнджэщагъэ нэхъыжь Мокаев С. А. «Урысей Федерацэм и прокуратурэм щыIэ зиIэ и лэжьакIуэ» бгъэхэIу дамыгъэр, КЪБР-м и прокурорым и къуэдзэ Лаврешин Ю. И. Руденко и медалыр къратащ.

Иджыпсту прокуратурэм и органхэм щылажьэхэм къадэкIуэу гулъытэ къыхуащIащ ветеран щхьэхуэхэмэ. КЪБР-м и прокурору щыта, юстицэм етIуанэ класс зиIэ и къэрал чэнджэщагъэу Абазэ Р. И. Руденкэ и медалыр, КЪБР-м и прокуратурэм и органхэм я ветеран Туменов Б. Хь «Законым зэрыхуэпэжым папщIэ» дамыгъэм и етIуанэ нагъыщэр къратащ.

Махуэшхуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и органхэм я лэжьакIуэу 22-м Урысей Федерацэм и Генеральнэ прокурорым къыбгъэдэкIыу тыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхуащIащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорми игъэгушхуащ прокурор лэжьакIуэу, федеральнэ къэралыкъыщIэу, нэгъуэщI лэжьакIуэу зыбжанэ.

КЪБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● **1 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ къэрал библиотекэ.

♦ **1929 гъэм** Москва областыр къызэрагъэпэщащ.

♦ **1980 гъэм** ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и зи мычэзу сессием щытепсэлъыхьащ советыдзэхэр Афганистаным зэрырашам икIи СССР-м ича лъэбакъуэмкIэ зэрымыарэзыр жаIащ.

♦ Адыгэпщ, Урысейм и къэрал лэжьакIуэ, дзэ къулыкъущIэ **Черкасский Дмитрий (Къаншауэ)** къызэралъхурэ илъэс 435-рэ ирокъу.

♦ Адыгэ тхакIуэ **Щакiуэ Талъостэн** къызэралъхурэ илъэси 126-рэ ирокъу.

♦ Совет тхакIуэ, Сталиным и цIэкIэ щыIа саугъэтыр зрата **Рыбаков Анатолий** (и унэцIэ дыдэр Наумовыр) къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦ Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Шэвлокъуэ Валентин** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, уэрэджыIакIуэ **Уэтэр Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

♦ Совет хоккеист, Олимп Джэгухэм тIуунейрэ (1972, 1976 гъэхэм) щытекIуа, дунейми Европэми мызэмытIэу я чемпиону щыта **Харламов Валерий** къызэралъхурэ илъэс 68-рэ ирокъу.

♦ Педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КЪБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Емуз Нинэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦ УФ-м щIыхь зиIэ и артистка **Самохинэ Аннэ** къызэралъхурэ илъэс 53-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 4, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зи псалъэ нахуэм и напэ хужьщ.

● ЗэІущІэхэр

Ухуеймэ, уи нэІэ пхутегъэтынущ

Урысейпсо Щіыхубэ фронтым (ОНФ-м) и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм иригъэкІуэкІа зэІущІэм 2015 гъэм зэфІагъэкІаэр къыщащытэжащ, апхуэдэуи мы илъэсым зэлъжьынухэр яубзыхуащ. Абы хэтащ ОНФ-м и щІыналъэ гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІ Минин Вячеслав, ОНФ-м и щІыналъэ штабым и унафэщІэхэм ящыщу Щордэн Нодар, Маслов Николай, Хутуевз Любовь сымэ, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къудамдзэ Бозий Натбий, нэгъуэщІхэри.

ЗЭІУЩІЭМ хэтын хуей щіыху 60-м ящыщу абы къирихьэлІат ОНФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и лэжьакІуэ 37-рэ. Псом япэу ахэр тепсэлъыхьащ Урысей Федерацым и Президентым 2012 гъэм къыдигъэкІа накъыгъэ унафэхэр гъэзэщІа зэрыхъым. Зыхунэсахэр жаІащ ОНФ-м и щІыналъэ штабым и лэжьакІуэ гупхэми.

«Щіыхубэмрэ властымрэ зопсалъэ» щІыналъэ эксперт гупым и унафэщІ Щоджэн Хьэчим жиІащ мы зэгуфхэныгъэм жылагъуэ лэжьакІуэ зэрыхъэр, къалэн нэхъыщхьэу къальытэри щіыхубэмрэ властымрэ зэдзгъэлэжьэныгъэ. Ар тепсэлъыхьащ 2015 гъэм зэлэжьа Іэхэугъэхэм. Къапщтэмэ, абыхэм «МафІэ мыужьыхь» фэеплъхэм я щытыкІэр. Къыхэзыщіэкіамкіэ, апхуэдэ фэеплъхэр республикэм и щІыпІэ псоми зэпымыууя щахуэгъаблэрқъым, газ зэрыщымыІэм е щІэхъщІыхьэ зэрагъэункІыфІым къыхэкІкІэ. «Дэ ди къарур мы Іэхуэм зэрыпэмыльэщым къыхэкІыу, властым и органкэм зыкъытщІагъэкъуэну захуэдгъэзэн хуейщ. Къыщынэмыщіауэ, Совет Союзым и Лыхъужьхэм папщІэ аллее хэха нобэр къыздэсым диІэкъым, - къыхиГэщащ Щоджэным. Абы жиІащ Іулъхьэ къеІыбзыхкэм япэщІэтыным теухуауэ Урысейпсо Щіыхубэ фронтым иригъэжьа «За чистые закупки» Іэхуэми «Щіыхубэмрэ властымрэ» эксперт гупым щыщхэр жыхэр зэрыхэтар. Къалэн куэд зыгъэзащІэ центрхэм я лэжьыгъэри Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэгуфхэр зыхуэдэри жылагъуэ лэжьакІуэхэм къапщытащ. Налшык къала и гъущІ гъуэгу зэпрыкІыпІэхэр зыхуей зэрыхуэмыгъэзар абыхэм жаІэ. Апхуэдэуи Щоджэнныр тепсэлъыхьащ зыхуагъэувыж къалэнхэм. «Урысей Федерацым и Президент Путин Владимир и накъыгъэ унафэхэр, зэрытщІэщи, зыхуэгъэзар щіыхуэм и псэуКІэр егъэфІэкІуэныгъэ. Абы къыжиІыу, 2016 гъэм къыздэгъэпсыгъуэ гупым къельытэ псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэмкіэ КъБР-м и Іэтащхьэм дэлэжьэну жылагъуэ совет. Псом хэмыдыдэу, ар кІэлъыплъын хуейщ унэ кхьахэхэм щіыхуэхэр къыздэсыгъаІэкІ программэр, къат куэду зэзэгъэнахуэ зыхуей хуэгъэзэнныр зэрагъэзащІэр».

ОНФ-м и щІыналъэ къудамэм «Захуагъэм» и лэжьакІуэ гупым и унафэщІ Амщокъуэ ФатІимэт тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым узыншагъэр хьумэнымкІэ и Іэнатіэхэм я Іуэху зытетыр къащІэн папщІэ ззэфІагъэкІам. Гупым хэтхэр щіыхуэхэмрэ медицинэ лэжьакІуэхэмрэ яхэупщІыхьащ республикэм узыншагъэр хьумэнымкІэ и Іэнатіэхэм я лэжьакІэр сыт хуэдэу къальытэми зрагъэущіну. ЗэупщІахэм я процент 25-м жаІащ ди республикэм щіыхуэм и узыншагъэр хьумэныр къызэрыщІэзгъэпэщар мыщІагъуэу къызэральытэр, медицинэ Іуэхутхьэбзэу къыхуащІэмкІэ зэрымыарэзыр. Медицинэм и лэжьакІуэу зэупщІахэм я процент 65-м щІигъум къальытэ я улахуэр мащІэ дыдэу. Щіыхуэхэм я процент 58-м къыхагъэщащ Налшык къалэм и ДэІепІыкъуэгъу псынщІэмрэ сымаджэщхэмрэ я лэжьакІэмкІэ зэрыарэзыр, ауэ зэупщІахэм я зэхуэдитІым къальытащ поликлиникэхэр я къалэнхэм пэмыльэщу. Амщокъуэ ФатІимэт зи унафэщІ гупым Узыншагъэр хьумэнымкІэ министерствэмрэ абы епха Іуэхущіапіэхэмрэ Іэрагъэхьащ зэупщІахэм жаІам щызыгъэгъуазэ тхыгъэхэр. Ар къытеувыІащ зи узыншагъэм сэкъат иІэ щіыхуэхэм я гъащІэр нэхъ тынш щащІын папщІэ ялэжьхэмкІ. ЛэжьакІуэ гупыр кІэлъыплъащ «Доступная среда» къэрал программэр, сом мелуан 76-рэ зыхуэхахар, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щіыпІэхэм гъэзэщІа зэрыщіыхъум.

«ЩІэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ лъэпкъыр зыхъумэщ» щіыналъэ къудамэм и лэжьакІуэ гупым и унафэщІ Хутуевз Любовь тепсэлъыхьащ зэрагъэпэщыжьын хуейуэ Прохладнэ къалэм дэт курыт еджапІэ №8-м нэгъабэ къыдалэрэ лэжьыгъэ щіыщемыкІуэкІыр зэхэгъэкІын зэрыхуейм. Апхуэдэуи абы къыхилъхьащ мы илъэсым и кІуэхым къызэІуаха «Дыгъэпс къалэ» творчествэмкІэ сабий академием хэту зэфІэкІ зиІэ ныбжьыщІэхэм папщІэ щіыналъэ центр гъэлэжьапхъэу, Гъуазджэхэмкіэ сабий школхэм я макъамэ Іэмэпсымэхэр зэрыхъужьыпхъэр, гъуазджэ лІыжьыгъуэхэм хуеІуэнгъаджэ Іыдагъэлпіхэр Іэмал имыІэу къуажэ къэс щыгъэпэжьэн зэрыхуейр.

ЗэІущІэм къыщІэтэ Іуэхугъуэхэм ящыщт республикэм и промышленнэ предприятэхэр зэфІэгъэувжьын, щіыхуэхэм я уней мыльку зыхалъхьэфыну проектхэр пхагъэкІыныкІэ защІэгъэкъуэн зэрыхуейр, нэгъуэщІ куэди.

«ОНФ-м и щІыналъэ къудамэм и лэжьакІуэ гупхэм зэфІагъэкІам арэзы укъыещІ. Ди Іуэху елпІыкІэхэр ОНФ-м и гъэзэщІакІуэ комитетым и штаб нэхъыщхьэм (Москва) едгъэхьыну ди мурадщ. Ахэр Іэмал имыІэу зэлэжьынхъэ защІэщ, дяпэкІи нэхъыбэж зэрытхуэзфІэкІыныр дэтхэнэри дыхущІэкъунущ», - жиІащ зэІущІэм и Іуэхым Минин Вячеслав.

БАГЪЭТЫР Луиз.

● Республикэ шынагъуэншэ

«Урысей телеком» ПАО-м и мылькуІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым шынагъуэншагъэр къыщыщІэзэрыщынымкІэ хуэгъэпса аппарат-программэ комплексыр 2013 гъэ лъандэрэ республикэм щыгъэпхуэну. Мазэ кІуам и 1-м ирихьэлІэу видеокамерэу 356-рэ, гъуэгу хабзэхэм зэрыкІэлъыплъ Іэмэпсымэу 30, щіыхуэм псынщІэу зызыпащІэ пункту 4 Налшык щагъуэващ. Къалэм и щіыхуэхэм, и утыкуэм, щэнхабзэм и Іуэхущіапіэхэм, еджапІэхэм, зэхуэсыпІэхэм, бззэрэзм, уэрамхэм я щытыкІэр, щекІуэкІхэр абыхэм хуиту икІи къабзэу къагъэлъагъуэ.

«РЕСПУБЛИКЭ шынагъуэншэ» къэралкІэзонэ Іуэхущіапіэм и унафэщІ Кушмэзокъуэ Сультіанбэч журналистхэм щахуэзам къызэрыкъыгъэщІакІэ, хабзэхьумэ Іэнатіэхэм я Іэщіагъэлізхэр зэпымыууэ щытыкІэм кІэлъоплъ, Іэмэпсымэхэм траххэр, къат хъыбархэр зэхуэхьэс, ядж, жэщ-махуэ хъыщІкІ яхъумэ, зыхуеинухэр щхьэхуэу ягъэтІылъ.

- Нобэ ирихьэлІэу лэжьыгъэшхуэ зэфІагъэкІа хъуащ. Техникэр зэтехуэным къаруушхуэ етхьэлІащ, иджы ди аппарат-программэ комплексым дяпэкІэ республикэм и щіыпІэ псоми зыщедгъэубгъунущ. Абы сэбэпынагъуэ пылъыр гъащІэм кІыгъэнэІуащ. Къапщтэмэ, ди Іэмэпсымэхэм я фІыгъэкІэ, щІэпхъаджагъэу 119-рэ нэгъабэ кІыщІагъэщащ. Иджыпрэ сервер лъэщхэр къыдогъэсэбэп, абыхэм зэхуэхьэсхэр центр хэхам щызэпкърах, зыхуэдэ ельытагъэ щыізэкІэлъахь. Илъэсым щыщу къэнэжа махуэхэм къурибудэу иджыри камерэ 77-рэ Налшык щыдгъэувынущ, - къыгъэльэгъащ Кушмэзокъуэ СультІанбэч.

«Республикэ шынагъуэншэ» АПК-м и унафэщІым зэрыжиІамкІэ, мы гъэм и щэкІэгъуэ лъандэрэ сом мелуан 850-рэ и уасэ инвестицэ проект ягъэзащІэ. Ар «Урысей телеком» акционер обществэ зэІуэхам и мылькуІэ. Абы и фІыгъэкІэ мазих дызыхуэкІуэм республикэм и щіыналъэхэмрэ Налшык къалэмрэ видеокамерэу 180-рэ, гъуэгуэхэм зэрыкІэлъыплъу 74-рэ, щіыхуэхэм псынщІэу зызыпащІэ пункту 13 щагъэувынущ, хъыбархэр щахъымэ серверхэм хуэдэ 2,5-м нэскІэ хагъэхъуэнущ, щытыкІэм щыкІэлъыплъынмэ пэшищ щхьэхуэу къызэІуэхынущ.

- Проектым хьыхьэу, аппаратым и гъэпсыкІэр лъэщу едгъэфІэкІуэнущ, хъыбархэмкІэ къызэрызэдгъэпэщ щыкІэр зэрыщыту тхъуэжьынущ. Видеонаблюдениер, видеоаналитикэ, Іуэдзэ-системэхэр, ЛИТИК къалэнхэр ягъэзэщІынущ. Псалъэм папщІэ, хьэпшыт къыщанахэр, щіыху зэхуэсахэр, абыхэм я зыщыкІэ-зыІыгъыкІэр, я нэкІыхэр, абдж къутахэр, мафІэсыр, нэгъуэщІ куэди зэхэхауэ ягъэбелджылынущ. Видеоаналитикым и системэхэм къат хъыбархэр АПК-м Іэрыхьэнущ, къэхъуэкъащІэхэр зыхуэдэр зэщхьэщыхьыныжкІэ, жылагъуэхэм я щынагъуэншагъэм кІэлъыплъынымкІэ сэбэпышхуэ хъунущ, - къыхигъэщащ къэрал кІэзонэ Іуэхущіапіэм и Іэтащхьэм.

Къищынэмыщіауэ, илъэс и пэкІэ УФ-м и Правительствэм зэрригъэувам тету , «Къалэ щынагъуэншэ» АПК-м и концепцэм зэрыщыубзыхуэм хуэдэу, 01,02, 03 ДДС-хэм (датчикхэм) япыщІа 112 системэхэр муниципальнэ щіыналъэщхьэм къыщыщэрагъэпэщынущ, а ФДС-хэм серверхэмрэ АРМ-м и операторрэ щыізэтрауху нущ. Республикэм и щіыпІэ псоми я Іэмэпсымэхэр зэрыщыкІ. Апхуэдэу аппарат-программэ комплексым ГЛОНАСС спутник системэм и пкъыгъуэхэр етІанэгъэ хагъэхьэнущ икІи жылагъуэ транспорт псори кІэлъыплъынырэм щІагъэуувэнущ. Налшык къалэм щылажьэ организацэхэри АПК-м и видеокамерэхэм пащІэну я мурадщ. Ахэр мини 3,5-м щІегъу. Фэтэр куэд хуэ псэупІэ унэхэм я щіыхьэІІэхэри зэрыкІэлъыплъ ІэмэпсымэхэмкІэ дгъэпсынущ.

- АПК-м хьыхьэу нобэ къэдгъэсэбэп видеокамерэхэри, дгъэувэри фІагъэшхуэ зиІэ лІэужьыгъуэм хуэдэщ, хъыбархэр зэІэпызых канал псори связым и оптикэ-волокон линэхэм (ВОЛС) хуэщІащ. Ахэр Мэзкуу къалэм нобэ щагъэувахэм къэдкІэ йофІэкІ, - къыгъэльэгъуащ Кушмэзокъуэ СультІанбэч.

ЗэІущІэ нэужьым «Республикэ шынагъуэншэ» аппарат-программэ комплексым и хэщІапІэр абы журналистхэм яригъэльэгъуащ. Іуэхущіапіэм и къудамэхэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ я лэжьакІэм кІэлъыплъащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Хьэзыр мэхъу

● Налшык

Налшык и дыхьэпІитІым щауху автовокзалыщІэхэр мыгувэзу хьэзыр хуэнущ.

УХУЭНЫГЪЭР щатыну пІалъэм ирихьэлІэу къалэ кІуэцІым щызекІуэ пассажир транспортхэм я гъэгуфнэхэми зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр ягъэтынущ: ахэр псори автовокзалыщІэхэм екІуэлІэнущ, цІыхур тыншу, транспорт зыбжанэ зэбламыхьу, занщІэу я щіыпІэхэм екІуэлІэн хуэдэу. Къищынэмыщіауэ, маршрутыщІэхэр яуку эдущіинущ, Налшык и къалэ кІуэцІ вокзалхэр зэпызыщІэ транспорт щхьэхуэхэри щыІэнущ. А псом я фІыгъэкІэ щхьэхэрым и куэду щызэтриихэ автомашинэхэм я бжыгъэр абы хигъэщІынущ, лъэсырызекІуэхэм я Іуэхри къатепсынщІынущ.

Иджыпсту Налшык и автовокзал №2-м микроавтобус мини 2-м нэблагъэ щызэблокІ. Ар икъукІэ куэдщ икІи гугъуэхь куэд къэзыщІэщ. ДяпэкІэ а псори лъэныкъуэ езынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Йщхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Пенсэм щыкІуэну ныбжьым хагъэхъуэнукъым

● Хъыбарыфі

Урысей Федерацым и премьер-ministрым и иджыри Голодец Ольгэ зэрыжиІамкІэ, ди къэралым щыпсэу цІыхум и ныбжьыр ику иту илъэс 71-рэ зэрыщІэуэфынум теухуауэ Федеральнэ Зэхуэсым защихуигъаззм Президентым хъыбар къэзыридгъэщІар щхьэусыгъуэ хуэхъунукъым пенсэ ныбжьыр хэгъэхъуэным.

И УНАФЭЩІЫМ зэрыжиІэ епІыкІэ зэриІэм дыщигъэгъуззащ Голодец и дэІепІыкъуэгъу Левченкэ Алексей.

И псалъэхэм я щхьэхэ абы къихьащ илъэс 71 ныбжьыр иджыри зэрыныкъуэдыр, Европэм нэхъыбэжкІэ щопсэу.

Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым защихуигъаззам щыжиІащ къэралым ис цІыхухэм я гъащІэм и кІыхьэгъуэ иужьрей лъэхъэнэм къэрыбудэу илъэситхум щІигъкІэ нэхъ кІыхь зэрыхъуар икІи 2015 гъэм ар илъэс 71-м зэрыхуэкІуэфынум. Президентым къызэрилытэмкІэ, ар зи фІыгъэр Урысейм узыншагъэр хьумэнымкІэ системэр зэрефІэкІуарц.

ДЕЙ Маринэ.
«Комсомольская правда»

СыткІэ къулыкъущІэхэр зэрызекІуэр?

● Автопром

Къулыкъущіэхэм я автопаркым нэхъыбэ дыдэу итыр Урысейм щыізэпкъралъхьа америкэ автомашинэ «Ford Focus»-рщ. Ипщэ щіыналъэм щыпэхъ лъапІэ дыдэ транспортщ. Ди къэралым ахэр къезыщэ компаниер щатхар США-рщ. Апхуэдэ къэхуэгъэнэгъэхэм зэрыкІуащ къэрал мылькум и реестрымрэ къэрал къэщэхуныгъэхэмкІэ сайтым ипкъ иткІэ «РоссбизнессКонсалтинг»-м (РБК) иригъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэр.

Урысей Федерацым и Президент Путин Владимир къыізэрырашэкІ автомашинэр - Mercedes-Benz S600 Pullman - Іэщіэлъэщ къэралым и апэ къулыкъущіэхэр зыхъумэ Іэнатіэм.

«Къэралым щаухуа къэрал» и фІэщыгъэщІэу РБК-м къытридзащ тхыгъэ зыбжанэ. Ахэр теухуауэ къэрал Іуэхущіапіэхэм я Іэщіэлъэщ мылькум.

Сыт икІи дауэ къызэрыдбжар?

РБК-м къипщытащ 2007 гъэм къыщыщІэдзауэ лажьэ къэрал мылькум и реестрыр. Апхуэдэу Іуэхущіапіэм къызэригъэпЗагъэмкІэ, прокуратурэм и къудамэхэм я Іэщ автомашинэ псынщІэу мини 2,2-рэ, езы хабзэхъумэ Іуэхущіапіэхэм зэрыжамкІэ, апхуэдэхэр мини 4,3-рэ мэхъу. Реестрым зэритымкІэ Хамэ къэрал Іуэхуэхмкіэ министерствэм епхащ автомашинэ 600-м щІигъу, ауэ езыхэм зыри амыІэу жаІэ. УФСИН-м хъыбар зэритамкІэ, абыхэм я Іэщіэлъэщ автомашинэ мини 8-м щІигъу, арщхьэкІэ реестрым иратхар мин 1,3-рэщ. Гу лъмытэу къаназрэкъым реестрым итымрэ зэрыщыт дыдэмрэ зэщхьэщыкІныгъэшхуэхэр зэраІэм.

ЗыхъумэжьныгъэмкІэ министерствэм и автомашинэхэм я бжыгъэр наІуэкъым. Зэратхамкіэ, абы иІэр зы закъуэщ. Шойгу Сергей и нэІэм щІэт Іуэхущіапіэм тІэунэйрэ щыщІэупщІа пэтми, жэуап къратыжакъым.

РБК-м и къэпщытэныгъэхэм япкъ иткІэ, къэрал Іуэхущіапіэхэмрэ абыхэм къепхахэмрэ псори зэгъуэзу автомашинэ мин 50-м щІигъу яІэщ. Гу зыльытапхъэщ, а бжыгъэхэм яхэтхъым Іуэху щхьэхуэхэм хуэхэа траспортхэр. Яэныкъуэ автомашинэхэм я уасэщ сом мелард зыбжанэ.

ЦІыхубэм хуэлажьэхэр

Траспорт нэхъыбэ дыдэ зыІэщІэлъыр МВДрщ - ар мин 30-м щІегъу. А бжыгъэр щІэкуэдыр полицэм и лэжьакІуэхэм нэхъ пэжу къаГэлъэгъуэу арауэ фэ теткъым - реестрым зэритымрэ зэрыщыт дыдэмрэ яІэ зэщхьэщыкІныгъэр мыбыхэм я дежи псом нэхърэ щынэхъыбэщ.

РБК-м къипщыта ведомствэхэм хэт нэхъыжь дыдэ автомашинэр 1970 гъэм къыдагъэкІащ - Ивановэ къалэм и мафІэсгъэункІыфІхэм я УАЗхэрщ. Псори зэхэту 2000 гъэм нэхърэ нэхъыжь автомашинэхэм я бжыгъэр 1 миным куэдкІэ щІигъуркъым.

Нэхъыбэ дыдэу, автопаркым и Іыхьэ тхуанэр, къагъэсэбэпыр «Ford Focus»-щ. Абы ику иту и уасэщ сом мин 640-рэ. 2003 гъэм къыщыщІэдзауэ къэрал Іуэхущіапіэхэм нэхъыбэ дыдэу я щІэхъуэр а лІэужьыгъуэрщ (2013 гъэ зыкъуэм «Volkswagen Passat» нэхъ кхьхахащ). 2002 гъэ лъандэрэ ар щызэпкъралъхьэ Всеволжскэ къалэм. РБК-м къызэрипщытамкІэ, 2000 гъэм къыщыщІэдзауэ 2014 гъэ пщІондэ къызэрыгъэкІ урысей цІыхухэм нэхъыбэу къагъэсэбэпащ «Lada» лІэужьыгъуэхэщ, 2015 гъэм ди къэралым нэхъыбэ дыдэу щащащ «Lada Granta» автомашинэр.

Къулыкъущіэхэм нэхъыбэу къагъэсэбэпэхэр

«Ford Focus», УАЗ, «Skoda» - къулыкъущІэхэм я транспортщэ зэ епІыгъуэкІэ ди къэралым къыщыщІагъэкІ лІэужьыгъуэхэщ. Ауэ псори зэхадыгъуэ. Пшахъэмрэ мывэ кІэщхьымрэ машинэ-машинэхэр лъэныкъуэкІэ йокІуэкІ. Илъэс пщІы бжыгъэкІэ я щэнтхьейкэм ис унафэщІхэм мывэкІэщхьэр хуэныкъуэгъуэ гуэрым хуаутІыпщ. КІэлъыплъакІуэхэм зыри я мыхьэнэкъым: «Псори тэмэщ, гъуэгухэр фІы дыдэщ». Ауэ щытыкІэм зыкІи зихъуэжакъым.

ЩытыкІэр зэпІэзэрыт пхущіыкъыну? ГИБДД-м и лэжьакІуэхэм ар зыкІи къарІэлъэгъукъым, абыхэм я жэуапкІэ зыщ: «Псори тэмэмщ, къыфщыхъуауэ араш». Ауэ абыхэм яхуэзэфІэкІынут гъуэгухэр пэж дыдэу зэрыщытыпхъэм тРгъэтынущ, Іуэхущіапіэхэм дгъуэн щагъэту лэжьыгъэр нэгъэсауэ ирагъэгъэззащІэну. АрщхьэкІэ дэ сытым дежи а зы уэрам щхьэхуэхэр дощІыж, цІыхубэм «Гъуэгукъэ уэзджэнур - ар урикІуэну здэбгъунэтІа льэныкъуэрщ» псалъэ щэрыуэхэр зэхалъхьэ. Пэжу жысІэнщи, дэ гъуэгум елэжьхэм ар зэрефІэкІ псалъэхэр ди гум екъэлІэжьырхьэм: сыт пэжым щхьэкІэ зыщІэбгъэгусэнур?

ЗВЕРЕВЭ Марие.
«Аргументы и факты»

● Гъуэгухэр



Си Іэщіагъэм къыхэкІкІэ сэ фІы дыдэу сыщыгъуазэщ гъуэгу тэмэмыр зэрыщытын хуейм. Пшахъэ хуэдейуэ абы тельыпхъэщ сантиметр 12 мынэхъ мащІэ, мывэкІэщхьэу сантиметри 6, асфальтыр Іушэмыхъун щхьэкІэ сеткэ хэха халъхьэ. А псом текІуэдэн мылъку къэралым къеутІыпщ, ауэ лэжьыгъэм нэмыс щыкІэ и ныкъуэр мэкІуэд. Абыхэм щхьэусыгъуэ зыбжанэ яІэщ.

Ипэ щхьэусыгъуэр - къэрал контрактэм я зэхэуфлэкІарщ. Лажьыгъэр игъэззащІэну дзыхь ирагъэз ар нэхъ пуду зэфІэзыгъэкІыну къэзыгъэгугъэм. Инэхъыбэм ар лэжьакІуи техники зимыІэ Іуэхущіапіэщ, абы сыт хуэдизкІи уасэм кІэриГъэхуфынущ, ауэ лэжьыгъэр тэмэму игъэззащІэнукъым. Абы къыхэкІкІэ псори къызыхуэнэжыр дэращ, ДРСУ-рщ, ауэ куэдкІэ нэхъ пуду икІи зэрыгурыІуэгъуфІ, фІагъым ущІытепсэлъыхьын щІэнэкъым. Апхуэдэ гъуэгур зэрыстелъынур ипэ зэхуэсыгъуэ е зы трактор ириКІуэхункІэщ.

Етіуанэ щхьэусыгъуэр - зэхадыгъуэ. Пшахъэмрэ мывэ кІэщхьымрэ машинэ-машинэхэр лъэныкъуэкІэ йокІуэкІ. Илъэс пщІы бжыгъэкІэ я щэнтхьейкэм ис унафэщІхэм мывэкІэщхьэр хуэныкъуэгъуэм хуаутІыпщ. КІэлъыплъакІуэхэм зыри я мыхьэнэкъым: «Псори тэмэщ, гъуэгухэр фІы дыдэщ». Ауэ щытыкІэм зыкІи зихъуэжакъым.

ЩытыкІэр зэпІэзэрыт пхущіыкъыну? ГИБДД-м и лэжьакІуэхэм ар зыкІи къарІэлъэгъукъым, абыхэм я жэуапкІэ зыщ: «Псори тэмэмщ, къыфщыхъуауэ араш». Ауэ абыхэм яхуэзэфІэкІынут гъуэгухэр пэж дыдэу зэрыщытыпхъэм тРгъэтынущ, Іуэхущіапіэхэм дгъуэн щагъэту лэжьыгъэр нэгъэсауэ ирагъэгъэззащІэну. АрщхьэкІэ дэ сытым дежи а зы уэрам щхьэхуэхэр дощІыж, цІыхубэм «Гъуэгукъэ уэзджэнур - ар урикІуэну здэбгъунэтІа льэныкъуэрщ» псалъэ щэрыуэхэр зэхалъхьэ. Пэжу жысІэнщи, дэ гъуэгум елэжьхэм ар зэрефІэкІ псалъэхэр ди гум екъэлІэжьырхьэм: сыт пэжым щхьэкІэ зыщІэбгъэгусэнур?

ЗВЕРЕВЭ Марие.
«Аргументы и факты»

● ЩІыдагъэ

ЦІыхуІэм Іутщ

ЩІыдагъэр къыщІэзыш къэралхэм я зэгухьэныгъэм (ОПЕК) икІэщІыпІэкІэ зэхуэсыну я мурадщ уасэхэр зэрехуэхым къыхэкІыу.

АПХУЭДЭ жэрдэм къыхилъхьащ зэгухьэныгъэм и унафэщІ, Нигериеи щІыдагъэмкІэ и министр Какиву Эммануэль. ОПЕК-м и унафэщІым зэрыжиІамкІэ, щІыдагъэм и зы барреленым и уасэр ЗубжыкІ процент 9-м щІигъкІэ ехащ икІи доллар 30,7-м хуэкІуащ.

Илъэсыщ1э махуэшхуэхэм къриубдэу щІыдагъэм и уасэр зэрехуэхам Урысейм и сомри нэхъ пуд ищІащ. Щіышылэм и 11-м биржэжэр къыщыізІуахам долларым и уасэр сом 76-м фІэкІат, евРэр сом 84-м нэблагъат.

ИТАР-ТАСС.

ПІанэпэр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Замирщ.

ЧЭРИМ Марианнэ

• Іуэху еплъыкІэ

Адыгэпщ ХьэтІохъущокъуэ Исмэхьил

Лермонтовым и «Исмэхьил-бей» поэмэм къызэрыхэщымрэ тхыдэм къызэрыхэнамрэ

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №1-м итщ).

Урыс унафэм къэбэрдейхэм я гъащІэр хъуэжыкІафІэ зэримыщІар Лермонтовым и сатырхэми къагъэлъагъуэ:

Зэгуэр, Гумцыкіу игъафІэ Іуфэм,
Жану щыщхьэпрылъу мывэм;
Мэшыкъуэ махуэ къигъэушір
Бещто и къуэрым щыгъуэлъыжым;
Хамэщ гъунапкъэхэм бгырысу
Щытхъэжт я къуажэхэм бгырысхэр.
Я ныбжьэгъуГъэм иригушхуэрт,
Игъуэтт гъуэгу тету къыІухьам
Бысым, хьэзырт и хьэщІэнышыр;
Щхьэхуитт адыгэр, ехъулІат.
ХъыбаркІэ бгыхэм щхьэдэхауэ
Я пщащэ дахэхэр зэкІужт;
Тхьэмадэ зи щхьэ къетхъухахэм
ЩІалэщІэхэр зэрагъэкІужт.
Уэрэдхэр нэжэгужэ защІэт,
Къыхэмыхьат абы я гъащІэм
Иджыри дыщ, урыс Іэщи!

«Хейщ1апІэ судхэм я Іуэхур» Урысеймэ щхьэусыгъуэ зэрищІар Къэбэрдейр и щІыпІэм и1эпхъуКІыным зэрыхуэкІуа щІыкІэм гунэсу топсэлъыхь тхыдэ щІэныгъэлІ Ало Тимур:

«1793 гъэм Урысеймэ Къэбэрдейр и унафэм зэрыщІигъэувэн ІэмалымащІэхэр къигъэсэбэпын щІидзащ. Иджыри къэс щІы Іыхьэхэр пачу зэрыщыатам къыдэкІуэу, иджы мэхьіа1ыпІэхэмрэ тезыр телъхьэхэмрэ къызэрыІуирэ, адыгэхэм я псэукІэ хабзэхэр зэІащІэрт. Апхуэдэ щІыкІэу зэрыпхъуакІуэм и унафэр щІыналъэм щиукъуэдийм, къэбэрдей хэкум пщІэрэ щхьэрэ зиІэу и пщыхэр хэдэн хуей хуэцаІ: е хэкум къинэу хуитыныгъэр яфІэкІуэдын, е Псыжьадрыщі дже щІыль Къэбэрдеишцым Іэпхъуэу щхьэхуиту къэнэн. Урыс империем къащхьэщигъэува хеящІэхэмрэ тезыр телъхьэхэмрэ Къэбэрдейм еныкъуэкъун щІыщІидза мы лъэхъэнэращ тхыдэ щІэныгъэм «щэрихьэт зэщІэхъеныгъэ» фІэщыгъэмкІэ къыхэна къэбэрдейхэм я Псыжьадрыщі Іэпхъуэным и къежьапІэр». А зэман дыдэращ Лермонтовым и поэмэ зи гугъу тщІыми къызэщІиубыдэр:

Сытынкіэ хъун езыхулІар
Я Адэжь хэкур хыфІадзэным,
Хамэ хэгъуэгум Іэпхъуэжахэр
Къымым я лъапсэ щаухуэну?
Тхьэ ІлыкІуэм и нэмыпІ? Блэгъуаплъэ?
Армыра мыгъуэ! Зэхахащ
Бий бзаджэ я щІым къебгъэрыкІуэу,
Хьэтыр зимыІэ хьэщхьэрыІуэ,
И уафэгъуагъуэм уэр дэгуІэу,
Къару хэмыщІкІи уэздащ.
ФІым къыщхьэщыж адыгэлІ пагэр
Къымскіэу мариІэ, и пщІэр лъагэу;
И унэ къыщІэна нысащІэм
Къыкъуэтщ и къамэ дзэ тІуащІэр.
Лейм игъэшынэу, мащэм щыщтэу
И губгъуэ хуитхъэ ар икІыныр
Іэмал зимыІэт, ауэ пщылу
Бийм дэпсэунырт лъэмыкІынур.
ИфІэфщ адыгэм гъащІэ щэху,
Хэкужьым гум зыщегъэпсэху,
Ауэ лІы хахуэм хуитныгъэм
ЩІитынщуд хэкуи гупсэхугъуи.
«Урысхэм ящІэр дгъэмыкІуу,
Ауану ираубыд ди щыгур;
Уи къуэпхэм, Бещто нэщхъыцэ,
Тхьэр ягъэпщІащІ, ІлыкІуэ ирамыдзмэ!» -
Дэтхэнэ зыми илъг ар игу.
Бещто, зыхищІэу я гупсысэр,
Иджы ней-нейуэ къеплът урысхэм,
Е пшэ Іэрамэ фІигъэтІысхьэт
Бырыбу къуршым и щхьэщыгу.

«1794 ГъЭМ, Урысеймэ хеящІэ Іуэхущ1апІэхэр зыхуригъэщыжьын и мураду, Къэбэрдейм зыкъиІэтащ, - етх Хьэутэкъуэ Самир. - ЗыкъэзыІэтахэр изыгъэкІуэта урысыдзэр щІынальэм мазибГыкІэ итащ, 1795 гъэм Къэбэрдейм а щхьэусыгъуэ дыдэр иІэу Іэуэльауэшхуэ къыщыщыхьейм, аргуэру урысыдзэр ящашэри мазитхукІэ итащ, пщы-уэркъ куэд «бгым ихьэжахэщ». ЗыкъэзыІэтахэм я пашэу щыта подполковник ХьэтІохъущокъуэ Исмэхьил, абы и къуэш нэхъыщІэ подполковник ХьэтІохъущокъуэ Адэлджэрий, подполковник Хьэмырзэ ХьэтІохъущыкъуэ сымэ яГъэтІысри, Екатеринослав ирагъэшащ».

Глазенап и хъунщІэтеуэхэр

ПащтыхЫыГъУэР зыпІыеса Павел Езанэм Исмэхьил 1797 гъэм иолъэІу и щыуагъэр хуиГъэГуу дзэм хигъэхьэныну, арщхьэкІэ хуит кІыщІыркъым. 1802 гъэм пщым иджы Александр Езанэм зыхуегъаз3 хэкум игъэкІуэжу пащтыхьыгуэм и фейдэ хэлъу къигъэщхьэпэну. Зыкъ хэмыІъу, пащтыхьыгуэр а зэманым апхуэдэ фейдэ хуэныкъуэт, сыт щхьэкІэ жьІэпэмэ, 1799 гъэм Екатеринослав щаІыгъ ХьэтІохъущокъуэ Адэлджэрий къыщІэпхъуэжу Къэбэрдейр зэрызэщІигъэхьаерэ, зэпэщІэтыныгъэр нахъ гъащІэ хъуат. Адэлджэрий и щІэращ икІи зэпхар япэрей къэбэрдей Іэпхъуэгъуэр.

1802 гъэм Кавказ Гъунапкъэм и унафэщІ Кнорринг Карл етх: «1799 гъэм къэбэрдеипщ къаугъэшыхэм яз ХьэтІохъущокъуэ Адэлджэрий Новороссийск къикІуэсыкІыжу и хэкум къызэрыкІуэжрэ, цІыхубзэм я гупсысэкІэр егъэзытхуэ. ИЛъэсищ хэсэ зи ирагъэкІуэкІ зеящІэхэм я хэкыгъуэр къэсащ, арщхьэкІэ Адэлджэрий цІыхухэм ар зэрыщытыр хуэдэу щхьэхуит хъужьын папщІэ». 1802 гъэм къэбэрдейхэм щІэрыщІэу урыс тетыгъуэм зыхуагъаз3, - иджы Мысост Росльэмбэч я пашэу, - икІи хэхыныГъэхэр ирагъэкІуэжЫн зэрамыдэм къыщІымынэу, хеящІэхэр зыщІэс унэхэр зэтракъутэ.

Къэбэрдейхэр Псыжьадрыщі Іэпхъуэурэ Тыркум и жьауэм щІэт І1ахэ адыгэхэм ягухьэну Іэмалрэ щхьэусыгъуэрэ къызэрыкІуэжЫн урыс тетыгъуэр игъэуэзаврт. 1803 гъэм къэбэрдейхэр къухьапІэ адыгэхэм яльэмыІэсыфЫн хуэдэу, «Кисловодск» зыфІаща Нартсанэ быдапІэр яухуэ. Кавказ Гъунапкъэм и унафэщІ Цицианов Павел хэхьныгъэхэм икІощІыпІэкІэ щІадзэну унафэ къащхьэуищІым, къэбэрдейхэм Іэщэ къащтэну мурад зэращІар хэІущІыІу мэхъу. Абы къигъэльагъ джыназым къэбэрдейхэм яхуигъэхьа тхыгъэр тхыдэм къыхэнащ:

«Си лъыр шыуаным ятІонэрэ щхьэгъуэ къокъуалъэ, си Іэпкъльэпкъым и Іыхьэ къэс мэкІэзыІз, фэ жьІэмыдаІуэхэм фи лъыр фи щІым зыщІезгъэфыну сыхуэпабгъу, - яхуитхыр Цициановым къэбэрдейхэм. - Сэ си псалъэр лъыкІэ зэрызгъэпэжьнум шэч къытебмыхьэ, ауэ иджыри вжьзоІэ: фи акъыл фыкъыхьэж, си унафэр къызэрыфІэрыхьэу, хеящІэхэр хабзэкІэ хэфхи фыбзэну. «Хьэуэ» жьІэрэп, сынывэзІапІэну фыщІымыгуГъ, зэгурыІуэн щІэддзэнущи... ФыпэплъэвжьзоІэ сэ си хабзэкІэ дыззэрызэгурыІуэнум - мыжурэхэм, топхэм, псыежэхым хуэдэу уэру ежэхыну фи лъым я бзэкІэ; псы утхъуакъым фи хэкум ит псыежэхэхэм щежэхыну, фи унэрысхэм я лъым иріІа псы плъыжьыбзэщ».

ИлъэситІ дэкІынурэ, Баку дыхьэпІэм деж щІыпапщІа Цициановым и щхьэр Тегеран шахьим хурагъэхьынущ, абы пІэщІэ и пкъыр къалэ дыкъэпІэм деж, - блэкІри къыблэкІыжри теувэфын хуэдэу, - щІыщІатІэнурэ. Ауэ зэкІэ абы Кавказым ит урысыдзэм и тепщэ Глазенап Григорий унафэ хуещІ къэбэрдейхэм зыхащІэн хуэдэу гуащІэу ебгъэрыкІуэну.

Глазенап Къэбэрдейм ебГъэрыкІуэ теуэ псори тхыдэджхэм Бахьсэн псыхъуэ щекІуэкІауэ жаІэ. Абыхэм я зы щапхъэщ 1804 гъэм ІыкІыгъэм и 9-м екІуэкІа зэхэуэр. Урысхэм къапэуват зи бжыгъэр минрэ щитхум нэс «къэбэрдей афэджанэдзэр».

ЕтІуанэ зэхэуэшхуэр накъыгъэм и 14-м хуэзащ. «Тафэ захуабзэм тету, Шэджэм зэпрыкІыпІэм верстих хуэдизкІэ блэкІа нэужь, ди зауэлІ гупыр Шэджэм къызыдэж мэзылъэ къуэладжэхэм нэсащ, абдежьым Щхьэлыкъуэпсым и кІудамищэр иджыри нэгъуэщІ псыежэх цІыкІу зыбжанэрэ кІрижэрт, - яІуэтэж урыс дэфтэрхэм. - Абыхэм я Іуфэм къэбэрдей кІуажэ пщыкІутІ Іуст, бийм зэрыпэщІэуэнным хуэзэгъэпэщауэ: уэрамхэр датІыкІат, блэкІыпІэхэр мывэ зракІута гухэмкІэ къыІуащІат; унэ нэхъ быдэхэмрэ къуацэчыцэмрэ фочрэ шабзэкІэ уэзда нэщанауэхэм зыщагъэпщкІуат. Лъэсрэ шууэ къежьа къуажэдзэхэм уэрхъэр пашэу къабгъурытт, къару нэхъ лъэщхэм къуладжэхэм я куупІэхэм зыщагъэпщкІуат. Къэбэрдейри, шэшэнуи, кьэрэшейри, осетинуи, нэгъуэщІ бгырыс лъэпкъыуи къытпэувахэр псори зэхэту мин 11-м нэсырт». Урысхэр бжьыгъэкІэ нэхъ мащІэми, генералитху зи пашэ дзэр жьыжьэрыуэ топхэмкІи фочхэмкІи зыхуей хуэзэпхуэ уэздаэхэт... ГурыІуэгъуэт зауэ-банэм хэмыкІ къаралыгъуэшхэм зэманым декІуу зэщІиІуІа дзэр зыпэува бгырысхэм куэдрэ зэрызамыІыгъыфынур. Хэзэкъхэм а хъунщІэтеуэхэм ятеуэхуауэ загъэщІагъуэу зэхалъхьэжа уэрэдми къыбГурегъаІуэ ар:

Къэбэрдейхэ, фыкъызэфІэмыщІыж!
Фи афэджанэхэр ди дежкІэ зырикІщ!
Бгыщхьэм фыкъытени нэхъыфІщ
Ди мыжурэпэхэм фыкъыфІэпІикІыу
фыфІэлъ нэхърэ...
Муслъымэнхэ, фримигушхуэ
Фи Іэщэмрэ фишэмрэ,
Дыщэмрэ дыжьынымрэ фигу пывгъэкІи,
ЩІым фи натІэр телъу,
Александр фыхуэтхъэджэ
ГущІэгъу къыфхуищІыну,
Фи къэгъуагъэхэр хуэвгъэщхъ
Пащтыхьхэм я нэхъ иным.
Абы фи жьІэдэІуагъым и хьэтыр
ильагъунщи,
Фи махуэхэр нэху фхуищІыжьынщ.
Дэ мэл пшэрхэмрэ вы гъэшхэхэмрэ
Тыгъэу къытхуэдэфыи фыкъакІуэ...

Андреев-Кривич зэрыжиІэмкІэ, Лермонтовым Іэргун деж щекІуэкІа хуэдэу поэмэм къыщигъэльагъуэ зауэ-банэр ипэжьыпІэкІэ Глазенап Бахьсэн псыхъуэм, Кызбрфун пэмыжьыжьэу къыщиІэта хъунщІэтеуэращ:

БлэмыкІыфыну зэрыпэхуакІуэр
Псыхъуэ дэхьэпІэр къыІуащІащ;
Мывэрэ жьыгэ зэгъэжъуауэ
Іэргуным трагъэзэгащ.
НэгъуэщІ зы гъуэгуи кІуэкъым къуажэм,
Бгырысхэм я гур къиухьэжащ:
«Хьэзырщ уи мащэр, бзаджэнаджэ!»
Арщхьэкіэ бийр кьытоззэрыгуэ,
Топ уафэгъуагъуэу щхьэщыкІыр
Пшагъуэбэм щыблэзу къыхоблыкІ...

Хъийм икІа нэмыкІытагъэ

МИС апхуэдэ щытыкІэт зэрытыр Къэбэрдейр 1804 гъэм, тезырыр трахьжу Бытырбыху илъэситкІэ дэса нэужь, ХьэтІохъущокъуэ Исмэхьил хэкум къыщыкІуэжам. Абы тезуха унафэр пащтыхьым зыщыхьэІуэм и 20-м къэрал кІуэцІ ІуэхуэмкІэ министр Кочубей Виктор хуригъэхьащ:

«Полковник ХьэтІохъущокъуэ Исмэхьил-бей Кавказ Гъунапкъэм дгъэкІуэжыну мащІэлуэри, щІыпІэр зэрищІыхум, Іуэхуми зэрыхищІыкІым ипкъ иткІэ къытхуэщхьэпэну сыщогугъ. Ф1э ебым фщІэжьинщ ар нэхъ къызэрывгъэсэбэпыну щІыкІэр. Цицианов джьнаым къулыкъу щхьэхуэ къритыну, ар фи унафэм щІэтын хуейщ».

Хэкум къагъэкІуэжьин ипэ Бытырбыху щІыхьэкІэ зэманым итхауэ хуагъэфащэ ХьэтІохъущокъуэм «Кавказым щыпсэуэм ятеухуа «залискхэр». Ар и утыку псалъэу 1804 гъэм Исмэхьил къэрал кІуэцІ ІуэхуэмкІэ министерствэм къыщыпсэлъауи къыхощ Дзэмыхь Къасболэт и «ХьэтІохъущокъуэ Исмэхьил теуха къэхутэныгъэщІэхэр» тхыгъэм. Къэбэрдейм щекІуэкІ зэрызехьэр гъэзэкІуэжа зэрыхъун Іэмал лъыхъуэ урыс тепщэгъуэм и пащхьэм Исмэхьил хэкІыпІитху ирелъхьэ:

1. Хеящ1э Іуэхущ1апІэ нэхъыщхьэр Гумкъалэ щрыреІэ, Къэбэрдеишхуэмрэ Джылахьстэнеймрэ ит къуажэ къэс дэт хейщ1апІэ нэхъ щІыкІуэр абы и унафэ щІэтэу. Абы щІалажьэжу, ауэ, Іуэхум зэрыхамыщІыкІым къыхэкІыу, зэранигъэшхуэ къэзыхь къэзакъэмрэ къулыкъущІэхэмрэ Іугъэкіын хуейщ.

2. ХейщІапІэхэм Іуэхур щызэхагъэкІкІэ Кавказым щыпсэуэм я хуитныгъэм, бгырысхэм игъащІэ лъандэрэ къадекІуэкІ хабзэхэм я хьэтыр ялъагъупхьэщ. Дэтхэнэ зыми езым и мылъку, къаруКІэ зыми къытримыхауэ, бгъэдэлъын хуейщ, нэгъуэщІым ейм хэмыІэбэу; абы ебакъуэр Къэбэрдеим щызекІуэ хабзэхэмкІи урыс хабзэмкІи яГъэпшынэну къатохуэ.

3. Абазэхэр ящцхэм я унафэ щІэГъэувэжьын хуейщ.

4. Кавказ Гъунапкъэр зытращІыхьа, къэзакъ къуажэхэр щауха, къэбэрдейхэм къытраха щІыхэр иратыжьын хуейщ; апхуэдэ Іэмал щымыІэмэ, ящІу щытахэм пэрыуэ къыхэмыкІыу, хуиту икІ-ихьэу щызекІуэн хуейщ, абы къикІыр - Іэщ щагъэхъунуи, гъавэ щыкасэныи хуиту, апхуэдэ хуитныгъэ къебзыт хуэдэу щыт, ауэ лейуэ гугъу езыгъэхь «пропускхэр» къыІахьн хуэмейуэ.

5. Къэбэрдеипщхэм я пщынІ щІэпхъуэжахэу Гъунапкъэм тетІысхьахэр зы къэмынэу зейм етыжьын хуейщ.

Захуагъэм и хьэтыркІэ мы къыхэтпъхьар ди пащтыхь махуэм къабыл ищІмэ, апхуэдизэ зауэлІрэ Іэщэрэ абдежьым щыщІаІыгъын, апхуэдизэ мылъку щІагъэкІуэдын щхьэусыгъуэ щыІэнэкъым».

Бгырысхэр зэи къаруКІэ пхуэгъэІэсэныкъым, я хьэтыр умылъагъуэу хъунукъым, - арат Исмэхьил и гупсысэмк и псалъэмк ыхьэщІ. Пщым Кочубей и ахьлэгъэ хъуа щхьэхкІэ, Цициановым абы къыхилъхьа жэрдэмхэм «Хьиим икІа нэмыкІытагъэ» фІищащ икІи зыри къабыл ищІакъым. Къэбэрдейхэм зыкъыщІаІэтар аxэр нэхъапэлъэкІэ Тыркум, иджы абы къыхьхьэжа Персым къызэщІагъэстри аращ, - жиІащ Цициановым.

1805 гъэм гъатхэпэм и ебГуанэ жащ Глазенап Балъкъ дже Къэбэрдейм урысыдзэр щрешэри, «къуажэ жьІэмыдаІуэ 80 зэтрегъасхьэ». Апхуэдэ хэщІыныгъэ зыгъуэта Къэбэрдей жьІэр щхьэхуимыту йокІуэт, цІыхубзм я зы Іыхьэм тхьэ ирагъаІуэри анэмэтхэр къыІах, адрейхэр я пашэхэм я гъусэу Псыжьадрыщі мэІэпхъуэ.

Къэбэрдейм щекІуэкІа Іэуэльауэхэм Урысейм дежкІэ мыхьэнэуэ щиІар къегъэльагъуэ 1805 гъэм Александр Езанэм езым и сурэтыр тету медальщІэ - «Къэбэрдейхэм зэрезэщІ папщІэ» («За битву с кабардинцами») - къызэрырдигъэкІар. Абы епха хъыбарым къеІуатэ мы медалыр 1805 гъэм къэбэрдейхэм ираущІыпІа зауэм къыхэжаныкІа къэзакъыдэзэм щыщу цІыхуйим зэрыхуагъэфэщар.

Къэбэрдейм зыкъызэриІэтар Урысейм щІызыхиІа щхьэусыгъуэхэм я нэхъыщхьэр пащтыхьыгъуэм Кавказым щиухуа лъэмыжьыр - Куржьмрэ Кавказ Гъунапкъэмрэ зэпызыщІэ Гъэгур - зэхуэщІа зэрыкъуарт. «Си гуапэ дыдэ хуащ, - хуетх Александр Езанэм Глазенап, - къэбэрдейхэр тІэунейрэ - накъыгъэм и 14-мрэ мэкъуэгуэгъуэм и 10-мрэ - зэрызэтепкъутар. Иджы сыпщогугъ зэрыхъукІэ нэхъ псынщІэу Кавказ Гъунапкъэр Куржьм пыпщІэжыну».

«Къэбэрдейм щхьэхуимыту КъухьапІэ Шэрджэсеим Іэпхъуэн щыщІидзар 1804 - 1805 гъэхэм Глазенап иригъэкІуэкІа зэтекъутэхэм яужьКІэщ», - щетх Хьэутэкъуэ Самир зэхуэхэм я гуащІагъри абыхэм цІыху бжыгъэу хэтахэри къыщІихь, ищхьэкІэ зи гугъу тщІа тхыгъэм. «Гу лъытатхъэщ, - жеІэ щІэныгъэлІым, - къэбэрдейхэм я Іэпхъуэныгъэр зы адыгэ хэгъэгуэгу щыт, псоми зэдаІыгъ адыгэ хабзэм тет, зы лъэпкъ - зы къэралыгъуэ зэхэтыкІэ щызекІуэ Шэрджэсей цІэр зезыхьэ щІыналъэм и Гуапкъэхэм имыкІыу зэрекІуэкІар». А Іэпхъуэ гугъум цІыхубзр фІырыфІкІэ зэрытемыгушхуар Лермонтовым и едзыгъэхэми къаІуатэ:

Фы зэфэ3щІыр хэт и махуэ,
ГуфІэгъуэ псоми иІэщ пІалъэ.
Зэгуэрым, дыгъэ къухьэжьыгъуэу
Бгы лъапэм пшагъуэр тегъуэлъхьат,
Ауэ а жьщым и тыншыгъуэ
Зы къуажэдэси имыщІат.
Іэубыдыпіэнэшэт я Іэхъуэшэр,
Гув шэрхъэм хьэлъэр яхуэмышэт;
Гуащэ кІэзызэхэм сабий гъуэгэр
ЯІыгът щхьэгъуэсэм пэгъунэгъуу;
Шым шэсти, щІакІуэр зэзыпхъуэкІ
Я адэхэр теувэт гъуэгу,
Щыму фокІэщІхэр ящэду.
КІуэрыкІуэм мафІэ зэщІагъэстт:
Здамыхьыфынухэр ягъэст.
Махуэщ1эр Іуащхьэм щхьэщыувэу
Бгы лъапэм нэхур щытыридзэм;
Пшагъуэбэ Іувыр шхыІэн псыфу
Жьы къэушам ящытыридзым;
Нэм кьыбудащ къуажэ нэщІыбзэ
Псэ Іуту цІыху зыдэмысхьж,
Губгъуэ нэщІышхуэ, мафІэ лыгъэ,
Гу блэкІыгъащІэм и лъэужь.

Сэ зэпэудынукъым пщы напэр

ЛЕРМОНТОВЫМ и Исмэхьил-бейрэ ХьэтІохъущокъуэ Исмэхьилрэ щызэпплъыткІэ, сыт тхыдэмэ литературэмрэ зэхэуэху зэІэпахыр жьІэпІэмэ, ар а лЫ махуэм дэплъагъу псэ къьабзагъыщ. Исмэхьил-бей и жьэр зэщІихыу, хэт псалъэмэ, зэхэпхыр фэрыщІагъ зыхэмылъ псалъэ гупсэщ. А макъамэ гурыхь дыдэр къыхоІукІ пщым зэринэкІа дэфтэр гъуцэ къэммИ: пащтыхьым зыхуигъаззэм, унафэщІхэм яхуэтхъэусыхэми, и лъэпкъэгъуэхэм яхэпсэлъыхьми, бий дыдэм и пащхьэ зыщиухеймИ, абы и псалъэр мэІу, гурэ псэкІэ имыгъэва Іуэху зэрытемыпсэлъыхьыр нэрылъагъу пщищІу.

Ауэ Лермонтовым и щІалагъкІэ бгырыс хъыжьаГъэр игу дыхьэми, Кавказым щыпсэуэхэр нэгъуэщІ цІыху пІуэжьыгъуэу, ГъащІэм уасэшхуэ хуэзымыщІ лІы гуащІэхэу къыщиГъэпльагъуэ куэдрэ къэхуу. «ДаІэ урысхэр, лЫы хуейщ мыхэр!» - яхужеІэ усакІуэм къэзуатым дэкІ щІалэхэм. «Сэ лЫы слъагъуну сфІэфІщ», - Іурелъхьэ абы Исмэхьил-беи. ЦІыхуфІхэм я пльапІэр хуитныгъэми, лей зэрахьэну щІэмыхьэпсми, аэхри пІэльщыфырыкъым Іэмал зыхуамыГъуэт хэкІыпІэнщагъэм. Захуагъэр темыкІуэу зымыдэ гум и гъэрщ, Къэбэрдей зэрепІымкІэ, Исмэхьил хуэдэ хэкуІ мыЛІыГъэншэхэри:

Дэнэ ежьа адыгэ щауэр,
Шым щепсыхьнур, тыншыжауэ,
Гупсысэ кІуум имыгъэдзыхэу?
Зэрызигъэпсэхунур дауэ,
Зигъэпсэхун и хьэл лъы щІыхуэм?!
Кьыщыхъуэ къуажэр, я мэжджыгтхэр,
Мамыру псэу жылэ щхьэхуитхэр -
Къелакъым зы урыс зауэлІым.
Ар зыдэн гу абы бгъэдэлъхьым,
Кьыхэщ1ыкІыкуКІэ къъэлэгъунэ
ЗэтеГъэса я къупщхьэ хужьхэм,
ЩІэблэщІэм щапхъэ яхуэхъуну;
Апхуэдэ щІыкІэу и Хэку дыщэм
Игу щагъэщІар яригъэпшыну.
«Сэ фызоцІыху фэ, - мэІущащэ, -
Сэри сымис, фымыпІэщІэж,
Сигу зэрыфщІкІрэ куэд щІакІэщ,
Ауэ иджыщ щызызэсщІар сэ
Фи лъыр згъэжэну гукъыдэж».

Лермонтовым и поэмэм Исмэхьил-бей нэхърэ мынэхъ мащІэу къыхощ Мысост Росльэмбэч. Уеблэмэ «Росльэмбэч и фэеплъ мывэращ» къызытехъеикІар шэшэн дадэм и хъыбар поэмэ хъужар.

Тхыдэм къызэрызэщымкІэ, ищхьэкІэ зи гугъу тщІа Глазенап и зэтекъутэм я нэхъ гущІэм, накъыгъэм и 14-м екІуэкІам, Мысост Росльэмбэч иджыри урысхэм я телъхьэу зэтащ. Арщхьэкіэ а зауэм и къуэшым и къуэ зэкІуэда нэужь, урысхэр лІыщІэжгъу схуэхъащІи, хабзэм къыхэхидзэркъым саригъусэну желэри, ар Псыжьадрыщі зыщызыгъэбыдахэм яхохьэ. ИпэжьпІэкІэ Росльэмбэч урысыдзэм кІезэуэн щыщІидзар Исмэхьил хэкум къэкІуэжа нэужьщ. «Къэбэрдей къаугъэшы, урысыдзэм полковникыу хэта пщы Мысост Росльэмбэч Пльащырыщ щІэпхъуэжри и гъусэу уэркъэрэ цІыху кьызэрыгуэкІыу унагъуэ 275-рэ иришащ», - щагъэхьыбар урыс дэфтэрхэм 1805 гъэм. Лермонтовми хэкум къэкІуэжа Исмэхьил-бей щыхьэм я пащхьэ къыщиришэкІэ Росльэмбэч гъусэ хуещІ:

Мо тІур хэт сымэ? Сыт мыбдеж
къыщІихъур?
ЦІыхухэм утыкур щыму хуит ящІащ,
И нэщхъ зэхэпхъу пщышхуэр къахьхьащ,
Пщы щауэ мыцІыху гуэри къыдэщІыгъуэу.
Щугъусэхэу къабгъэдэтищыр уэркъщ;
«Алыхьыр закъуэщ, бегъымбарыр
хьэкъщ, -
Еублэ пщым и псалъэр. - Мащэм илъ
Нэгъунэ щІэтщ абыхэм я унафэм!
Си къуэшыр щахъумащ хамэ щЫнальэм:
КъэфцІыхужаэ пІэрэ Исмэхьил?
Зэрысабийрэ бийм зэрахэтауэ,
Къабыл ищІакъым хамэм и къэблэр,
Иджы и Хэку и губгъуэ къоблэгъэжь,
Гущ1ы фІэкІа яхуимыгъэтІылъауэ!»

Урыс къулыкъущІэхэм ятхыжа тхыдэ дэфтэрхэм уахэплъэмэ, Кавказым щыпсэуэхэр псори «хъунщІакІуэщ», «хьэщхьэрыІуэщ», «цІыхуукІхэщ». ЛЫыкІэ зызымыгъэнщІ апхуэдэ зауэлІхэм я щапхъэщ Лермонтовым и дежкІэ Мысост Росльэмбэч *(зи гугъу тщІыр поэмэм хэт лІыхъужьращ, тхыдэм къыхэщ Бэмэт Мысост и къуэракъым - Ч. М.).*:

Игъэхьэзырт адыгэм теуэ гуащІэ,
ДэІэпыкъуэгъуэр щэхуу къызэхуэст,
Пщы Іущ лЫы бзаджэ Росльэмбэч
щхьэгъэщхькІэ
Урысхэм Іэсэльасэу ядекІуэкІт.
Жэщыкум иришажьэти гуп псынщІэ
Нэху щызыхь къэзакъ псэупІэхэр ихъунщІэт.
И къуажэм къекІуэлІэжти, къиубыдахэр
КІэзызхэу лъы тхыдэ щхьэдэхауэ
Я ныбжьэгъуж нэхъей, ядэгушыІэу,
Щхьэр яхупигъэльэтт, фІэзэштеупІэу.

Лермонтовым къекІуэкІ хабзэу къыфІэщІыр Росльэмбэч и щапхъэмкІэ къигъэльагъуэмэ, Исмэхьил-бей дильаграфыр щахуэ къэс уэрмыхьэлІэ, езы бийри щІезыгъэгъуэж, цІыхугъэ зыхэль, мыхьэнэ зиІэ зэуэкІэщ. А тІур щІызэпэщІигъэувэри дуней тетыкІэ лІэужьыгъуитІ дыІуигъэплъэн папщІэщ, хеигъэ зыхэмылъ лІыгъэм уасэ зэримыІэр къыбГуригъэІуэну хэту. Росльэмбэч хэкум къыщыхэщыж гупым я пашэщ, лъэпкъ зэщІэщІагъэуэф щыщыхуэщ, ауэ абы фІэщхъуныгъэкІэ зыри ищІэркъым, пщІэ хэІэтыкІакІэ зызымыгъэщІи и поэм зэрихуэ къудейщ: бийм щІезауэр иІэр фІэмыкІуэдын, зыри езым ипэ иригъэмыщын щхьэкІэщ. ПльапІэр бийм текІуэн зэрыхуей къудейр аратэмэ, Росльэмбэчи ЛІыгъэншэтэкъым, ауэ абы и гунэфым фІым и тегъэщІапІэ лъэщыр къыхуэлъагъуркъыми, мурадым зэрыхуэкІуапхъэ Іэмалхэр фІызэхоэзрыхь, и Іэбзкіэ пхэнжьми бийр ерыщ иregъакІуэ:

Пщы Росльэмбэч чэнджэщ пэрытщ;
Мыр жьреІэ: «Жащ зэрыхьу,
Я зауэлІ гупхэм дзатеэнщ,
Псыкъелъэ уэру дытехуэнщ
ПщІыхьым хилъафэ гъатхэ псыхъуэм...
КІуэжынщ ахърэтым хьэщІэр щыму,
Я къупщхьэ къомыр губгъуэрынэу,
Дыгъужьхэм, къуаргъэхэм ирашхыж,
Мащэнщэ хьэдэу ирефыж.
Дэ апщІондэху, дышынэ зытщІу,
ДагурыІуэным дытетынщ,
ИужькІэ, лЫым ириІа гужьклІэ
Щэхуу ди напэр ттхъущІыжынщ!»

Исмэхьил-бей зыкІи нэхъ тІасхъэкъым, ари апхуэдэ дыдэу гуащІэщ, ауэ ар и щхьэ и фейдэ лъыхъуэркъым, фІы щІищІэр «псым хидзэн» папщІэщ; и гъэгур захуэу зэрилытэжым къыхэкІкІэ, зыщІигъэщІкІуни и мурадыр щІибзыщІын щхьэусыгъуэи илъагъуркъым. Сыт уцІэзэуэнур къуаншэм зэрыкъуаншэр иумыгъэщІэжьнымэ, къару къыпхэзыльхьэ уи пэжым и Іэфіыр дунейм тез умыщІынымэ?! Захуагъэм тетым напитІ щІызэрихьэни, Росльэмбэч къызэрыхилъхьэм хуэдэу, Іэмал пхэнж щІыхуекІуэни щІэжьэм - аращ илъэс пщыкІуий фІэкІа мыхъу усакІуэм Исмэхьил-бей кьриГъэІуатэ гупсысэр:

Ар лЫыгъэу псоми къызэдащтэ,
Кьадэзышыщтэр Исмэхьилщ.
И сэшхуэ жырыр игъэдалъэу,
Аращ щылъэтр ар къыщІилъ;
Гъунэгъуу къыбГуригъэзэс уэрэкъ гупыр
Къаплъыхь и нитІым напІэзыпІэм,
Ирехьэхыжри и сэшхуэр,
Жэуапыр зэІэпах зэкъуэшхэм:
«Сэ гъуанэдэууэ сыщІыхуукІыкІым;
Сигу хохъуэ сэри силъ сщІэжьыху,
Ауэ си къамэр зыхэзыкІэм
Іэпщэ шынагъуэр ирецІыху!
Сэри сигу ящыкІащ урысхэм,
Уеиём нэхъ гуащІэщ си губампІэр,
Ауэ жэщ кІыфІыр сщІыуэ гъусэ,
Сэ зэгъэпудынукъым пщы напэр!
Аракъым къэзэуат зыфІащІр,
ЩІыхьыр нэгъуэщІщ зыхуэзгъэфащэр!..»

Езыр Урысей хэкуІу, бгырысхэм езауэ урыс зауэлІу къэнэжми, Исмэхьил-бей хуэдэ бий губзыгъэм и псалъэкІэ Лермонтовым и Іэпхъкъуэхэм яльагъэІэс Кавказым щыпсэуэхэр урысхэм къызэрызыфІагъэщІыж хуэдэу, мэзылІ защІэу зэрыщымытыр, пащтыхьыгъэм зызэрыгъэкІ Іуэхущ1апІэхэм яГъэтхъэщэр!..

Ар ди лъэпкъ тхъэмыщкІэм и лажьэкъым

ХЭКУМ къэкІуэжа ХьэтІохъущокъуэм къэбэрдейхэм я гурыГъу-гурыщІэхэм емыльалІэу ахэр урыс унафэм зэрыщІигъэувэным иужь итыну къытракъуэз. Абы папщІэ, ар япэу 1805 гъэм Гум деж, етІуанэу 1806 гъэм Шэджэмэ Бахьсэнрэ деж лъэпкъ хасэм и пащхьэ къыщихьэри ищхьэкІэ зи пычыгъуэ къэтхъа тучыу псалъэр щІыхубзм ябгъэдилъхьащ.

«Къэзгъэзэжауэ сыфхэтщ нобэ, - щыжиІэрт Исмэхьил хэсэ и пащхьэм. - Ауэ сыт сэ сы-къызэрихьэлІэжар, тобэ! Си лъахэм и унэхъуГъуэ махуэр си нэ

Къафэр лъэпкъым и псэщ

● Фестиваль-зэпеуэ

Конференцыр щекІуэкІым.

Апхуэдэ фІэщыгъэцІэ иІэу Илъэсыщ1эм и я1пэ махуэхэм Налшык щекІуэкІащ РСФСР-мрэ КъБАССР-мрэ щІыхь зиІэ я артист Дашу Хьэшыр и фэеплъу къызэрагъэпэща хореографиемкІэ урысейпсо фестиваль-зэпеуэр. Махуищкі1э екІуэкІа зэхьэзэхуэм я зэфэкІхэр утыкум къыщагъэлъэгъуащ Дагъыстэным, Адыгеим, Осетие Ищхьэрэ-Аланием, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ сабий-ныбжьыщІэ къэфакІуэ гупхэм.

ЩІЫШЫЛЭМ и 5-м «Долинск» санаторэм щызэхэтащ зэхьэзэхуэм хэт ансамблхэм я художественнэ унафэщІхэм я конференц. Ар къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ фестивалым и жюрим и тхьэмадэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Битокъу Бесльан**. - Мы махуэхэм ди нэгу щІэкІащ къэфакІуэ ныбжьыщІэ цІыкІухэм я зэфІэкІ лъагэхэр, - жиІащ абы. - Абыхэм щапхъэ яхуэхъуащ Дагъыстэным и «Каспий» къэрал ансамблыр. Апхуэдэу фІыщІэ ин хуэфащэщ Дагъыстэн Республикэм и Хореографхэм я зэгухьэныгъэм. Дашум жиІэгъуэ щытащ: «Къафэр - гъащІэ тэмэмым ухуэзышэ гъуэгущ». Мы псори зыхуэгъэззар сабийхэрщ, цІыхур щэныфІзу къэгъэхьун зэрыхуэйрщ. Анздэлъхубзэр зыІурымыльэ лъпкъым щэнхабзи иІанукъым. КъэфакІуэр щэныфІзщ, цІыху Іейр зэи дахэу къэфэфынукъым.

КъыкІэлъыкІуэу псалъэ ираташ Дагъыстэным и Хореографхэм я зэгухьэныгъэм и унафащІ **Казимовэ Марьям**.

- Псом япэрауэ, фІыщІэ хуэсщІыну сыхуейщ хореограф цІэрыІуэ Дашу Хьэшыр и фэеплъ я1пэ фестиваль-зэпеуэр къызэрыгъэпщакъым. Ар сыт и лъэныкъуэкІи фІы дыдэу зэтеубла хъуауэ жыпІэ хъунущ, - къыхигъэщащ абы. - Си фІэщ мэхъу мы гъэм къэраллпсо фестивалу иджы екІуэкІыр дыдэкІуэгъэ илъэсхэм дуней псор къыззщІэзыубыдэ хъуну. Иджыпсту хореографиер щытыкІэфІ дыдэ иту пхужыІэнукъым, ауэ мыпхуэдэ зэхьихьэхэр щІэх-щІэхыурэ къызэдгъэпэщкІэрэ, абы и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэфІхэр хуэтщІыфынущ. Дызэрыхьа илъэсыщІэм дэтхэнэми творческэ ехъулІэныгъэ иІэну си гуапэщ.

Я лъэпкъэгъуэр трагъэгушхуэну, абыхэм я къэфэкІэ дахэхэм кІэлъыплъыну а махуэхэм Налшык щыхьэщІащ Дагъыстэным и щІыналъэ зыбжанэхэм я унафэщІхэр.

- Дэ ди къаІэну къыдольытэ ди сабийхэр зыхэт зэхьэзэхуэхэм дыкІуэну, ахэр тедгъэгушхуэну, - жеІэ Ахвах щІыналъэм и Іэтащхьэ, бэнэкІэ хуитымкІэ щэнейрэ дунейпсо чемпион **Магомедшарипов Исмэхьил**. - Мыпхуэдэ зэхьихьэхэр икъукІэ сэбэпышхуэ зыпылъщ ныбжьыщІэхэм я зэрыцІыхуныгъэм, зэныбжьэгъугъэм зегъэужьнынымкІэ. Къэфэным бзэ хуейкъым, абы езым бзэ хэха иІэжщ, дихьэх псоми къагурыІуэу. Къэралым и экономикэ щытыкІэ мытынышм и зэманым Кавказым щыпсэуэхэр зэкъуэзыгъэуэз, тезыгъэгушхуэ Іуэхугъуэщ нобэ къэсІэтар. Ди гуапэщ илъэс къэскІэ фестивалыр ефІакІуэ зэпыту екІуэкІыну.

- Нобэ къафэм и махуэшхуэщ. Ар хореографхэм я сэбэпышхуэ зыхэлъ Іуэхугъуэщ, - къыхигъэщащ зэІущІэм къыщыпсэлъа Владикавказ къалэм дэт ГъуэзджэмкІэ лицейм къафэмкІэ и егъэджакІуэ нэхъыжь **Газюмовэ Изольдэ**. - Мыпхуэдизу зэхуэмыдэ дагъыстэн къафэ къуэдыкІей сэ зэи слъэгъуакъым. Дэ псори зыр адрейм и деж зыщыдгъэсэн, щапхъэ зытетхын хуейщ.

- Иджырей фестиваль-зэпеуэм дэ зыужьныныгъэшхуэ къыдитащ, - жиІащ «Горянка» ансамблым (Дагъыстэн) и художественнэ унафэщІ **Кагировэ Абидат**. - Ди бзэхэр зэтемыхуэми дэ зыхэтщІащ зы лъэпкъыу дызэрыщытыр. Щапхъэ тхуэхъун куэд тлъэгъуащ. Дэ къэдгъэлъэгъуну дыхуеящдаргинхэр зищІысыр. Абы теухуауэ щытащ зэхьэзэхуэм хуэхтха къафэрэ.

* * *

МАХУИЩКІЭ екІуэкІа фестивалыр зэхуащІыжащ Налшык и Курортнэ залым щекІуэкІа гала-концертымкІэ. Абы утыку иджыри зэ къыщиІащ зэхьэзэхуэм и жюрим нэхъыфІу къыпІыта къэфакІуэ ансамблхэр.

Дашу Хьэшыр и фэеплъ фестиваль-зэпеуэм хэтахэм екъуэхъуну пшыхьым кърихьэлІащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ **Битокъу Владимир**, щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, Налшык къалэ администрацэм щэнхабзэмкІэ и къудамэм и унафащІ **Токъуий Мадинэ**, «Кабардинка» къэрал ансамблым и художественнэ унафащІ **Атэбий Игорь**, фестивалым и жюрим и тхьэмадэ **Битокъу Бесльан**, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Алэкъей Мухьэмэд**, Дашу лъэпкъым и лІыкІуэхэр.

- ИкъукІэ си гуапэщ мыпхуэдэ ІуэхугъуэфІым зэуІу иІа къэфакІуэ ныбжьыщІэ цІыкІухэр слъагъуну, - захуигъэзащ къыщэхуэсахэм Битокъу Владимир. - Дашу Хьэшыр ныбжьыщІэ ин хуиІащ ди республикэм хореографиер щызэфІэгъэувэным. Сэри сыцІыкІуу абы и деж къафэм зыщыкъуэзгъэсэну сыкІуэну щытащ икІи ар и щхьэусыгъуэу нобэрей пшыхьыр блэзгъэкІыфакъым. Зэпеуэм щытекІуэхэмрэ къыжэканыкІахэмрэ си гуапэу сохъуэхъу. Си фІэщ мэхъу мы Іуэхугъуэм къэкІуэну дахэ зэриІэр.

- Хьэшыр и гуусэу илъэс куэдкІэ сыкъэфащ, - жиІащ Алэкъей Мухьэмэд. - Ар си ныбжьэгъуу икІи си егъэджакІуэу щытащ. Абы бгъэдэлъ зэчиймкІэ ныбжьыщІэхэм ядэгуашэт. Дашуращ лъэпкъ республикэхэм я1пэ балетмейстеру къахэкІар. Нобэрей фестивалым хуэдэхэм Кавказым щыпсэуэхэм я мызакъуэу, къэралым ис лъэпкъхэри хэтын хуейщ.

АдэкІэ пшыхьым кърихьэлІахэм захуигъэзащ жюрим и тхьэмадэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Битокъу Бесльэн.

- Дэрэжэгъуэ къыдет артист цІэрыІуэ Дашу Хьэшыр и цІэкІэ къыхэдгъэпэща фестивалым фызэрыхэтам. Псом хуэмыдэу гуапэ сщыхъуащ Дагъыстэным и щІыналъэ зыбжанэхэм я Іэтащхьэкэр ди пшыхьым къызэрырихьэлІар. ФІыщІэ хэха хузощІ «Каспий» къэрал ансамблымрэ Осетие Ищхьэрэ-Аланиемрэ я лІыкІуэхэмрэ, - жиІащ абы.

КъБР-м и Правительствэм къыбгъэдэкІыу саугъэт ираташ «Каспий» ансамблым. Къищынэмыщ1аУэ, Налшык къалэ администрацэм щэнхабзэмкІэ и къудамэм саугъэт щхьэхуэ хухихащ къэфакІуэ нэхъ цІыкІу дыдэ Къэлагъэ Іэминэ («Зэрдах», Мейкъуапэ).

Гала-концертым дэ зыщыхуэдгъэзащ фестивалым и гран-при саугъэтыр къэзыхьа Мейкъуапэ къалэм къикІа «Зэрдах» ансамблым и художественнэ унафэщІ Исмел ФатІимэ. «Ди ансамблыр иджыри щІалэ дыдэщ, ауэ илъэс зыбжанэм къриубыдэу зэфІэкІ лъагэхэр кІыгъэлъэгъуащ, - къыджиІащ абы. - Сэ си гупым хэтщ илъэси 7-м къыщыщІэдзауэ 13-м нэс зи ныбжь цІыкІухэр. Зыбжанэрэ урысейпсо фестивалхэм я лауреат дыхъущ. Нэгъабэ дыхэтащ Франджым и къалащхьэ Париж щекІуэкІа «Талантхэм я салют» дунейпсо фестивалым. Ди гъэсэн цІыкІуэхэм абы я1пэ гуп увыпІэр щаубыдащ. «Лъэпкъ хабзэр зэрахъумэм папщІэ» саугъэт щхьэхуэри кьытхуагъэфэщащ. Лъэпкъ фащэр щатІагъэу утыкум кьихьэу я зэфІэкІыр здынэсыр къагъэлъэгъуэну Іэмал ягъуэтыныр сабийхэм я дежкІэ гухэхъуэщхъуэ. ФІыщІэ хузощІыну сыхуейщ фестивалым дыкъэзыгъэблагъа Атэбий Игорь. Зэхьэзэхуэм дэ къыздэтша къафи 6-м ящыщу 4-р гала-концертым къыщыдогъэлъагъуэ.

Фестиваль-зэпеуэм щытекІуэхэмрэ къыщыхэжаныкІахэмрэ грамотэхэмрэ саугъэтхэмрэ иратыжа нэужь, гала-концерым зыкъыщагъэлъэгъуащ жюрим нэхъыфІу къыІыта ансамблхэм. Пшыхьыр зэхуащІыжащ Дашу Хьэшыр къызэригъэпэща «Нальчанка» ансамблым и къафэмкІэ.

Гала-концерт нэужьым лъэпкъым и цІэкІэ къекІуэлІахэм захуигъэзащ Дашу Валентинэ. - Дэ къыдбгъэдэкІыу фІыщІэ ин хуэсщІ фестивалыр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы кърихьэлІахэмрэ. Ди гуапэщ Хьэшыр кърихьэжьа, ныбжьыщхуэ зыхилъхьа ІуэхугъуэфІыр псыхэкІуадэ мыхъуу къэкІуэн дахэ иІэ зэрыхъуар.

- Куэдым къыхуихуакъым Дашум и Іуэсу лэжьэну, - жиІащ УФ-м щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Безрокъуэ Еленэ**. - Хьэшыр сабийхэмрэ къафэмрэ фІыщІу илъагъут. Нобэ фестивалым хэт дэтхэнэ гупми Дашум фІыщІэ хуиущІын хуейщ ар абыхэм я Іуэгугъэлъагъуэ зэрыхъуам щхьэкІэ. Лъэпкъ къафэм артист Іуэзэджэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуиущІащ, ауэ псом нэхъыщхьэу сэ къэслытэр лъагъуэ пэжым тригъэувэ, абы къызэригъэпэща «Нальчанка» ансамблырщ. Ар утыку итыху Хьэшыр и къафэхэри псэунущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Сурэтхэр **Къарей Элинэрэ Чертуганов Зауррэ** *трахащ*.

● Гъуэзджэ

Фильмхэр щагъэлъагъуэм щІэсахэр.

Сокуровым и гъэсэнхэр утыку къохьэ

КъБР-м Щэнхабзэмкі1э и министерствэр и щі1эгъэкъуэну Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм УФ-м гъуэзджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, кинорежиссёр, сценарист цІэрыІуэ Сокуров Александр и гъэсэнхэм траха кинофильм кІэщхэр щагъэлъэгъуащ.

«АНТИГОНА» - арат **Хьэмыкъуэ Олег** Софокл и трагедием трищІыкІыжу триха и диплом лэжьыгъэм зэреджэр.

ХХ лІэщІыгъуэм псэуа Ануй Жан ёзым къызэрыгурыІуэм хуэдэу, а псысэр итхьжауэ щытащ, - жеІэ Олег. - ТхыгъатІри тегъэщІапІэ сщІыри, тесхыну сызыхуейм нэхъ къыхуэкІуэр къыхэсхащ, лІыхъужь гуэрхэри хэзгъэкІащ. АдыгэбзэкІэ зэддзэкІри, урысыбзэ субтитрхэр иІэу къэдгъэлъэгъуащ. Фильмхэр къыщыхэтыкІ ч1энджэщакІуэ нэхъыщхьэу диІар Сокуров Александрщ. Илъэситхум къырыдыдзу кинофильм 90-м нэблагъэ тетхащ, ар цІыхухэм яфІэгъэщІэгъуну къатщІэмэ, къызэрыдгъэлъэгъуэным яужь дитынущ. Сокуровым иригъэджахэм кинематографиер дэІы-гъыныкІэ «Южный полюс» фонд къызэдгъэпэщащ. Абы и фІыгъэкІэ УФ-м Щэнхабзэмкі1э и министерствэм грант къыдитыну Іэмалыф1 щы1эщ. Иджыпсту сызэлъэжьым и гугъу пщІымэ, «Волшебная лампа Алладина» таурыхъэу Горький Максим и цІэр зезыхьэ Пушкин драмэ театрым щызэгъэув.

«Леса Вавилона» кинофильм гъэщІэгъэуныр **Золотухин Александр** трихащ. Ар теухуауэ зи гъащІэ гъэзгур кьэзылъхьхуэ ныбжьыщІэм. Дунейм ихъэхэм хэзэрыхьа щІалэр бгым щопсэу. Кинофильмыр щІалэщІэм и хьэл зэрызэфІэувэ, гъащІэм хуиІэ епГыкІэхэм зэрызазхъуэж, гупсысэ узынщ иІэ зэрыхъум теухуащ.

- Нэхъапэм ди лэжьыгъэхэр щыдгъэлъэгъуэн утыку диІэтэкъым. Къищынэмыщ1аУэ, иджыри къэс зыдгъасэу арати, ди Іэдакъэщ1кІэр ц1ыхухэм я пащхьэм итлъхьэн хуэдэуи хъуатэкъым. Хьудеджа Коваленкэ Кирэ Абхъазым кино щытрихати, абы дыдэІэпыкъуащ. Мы зэманым ди проектхэм яужь дитщ, сценарийхэр дотх, - кІыддогуашэ щІалэщІэр.

«Лёгкая вина» кинофильмыр тезыха **Мусаевэ Малика** Іуэхум кьрихьэлІэфакъым. Кинофильмым хэт Милана и щхьэгъусэм бгъэдэкІыжащ. Хъыджэбзым и насыпыншагъэр и анэм къыщыгурымыІуэм, диныр зыІыгъ я гъунэгъу цІыхубз ныбжьэгъу хуохъу. ИужькІэ пщащэр КъуэкІыпІэ Гъынэгъухэм ящыщ къэрал гуэрым террористхэм я тельхьэу зэуэну кІуаэу ехъ.

- Фильмым лъабжьэ хуэхъуар къэхъуа Іуэхущ. Цыху дэхуэхам и зэманым зыщІэбгъэкъуэн зэрыхуейрщ и гупсысэ нэхъыщхьэр. Ар иджырей жылагъуэм ди узыфащ, къыджьэхэмкІуэ Іуэху дыхьхьэнукъым, гущІэгъу тхэлъыжкъым. Иджыпсту сэ Іуэхущ1ап1эм и къэл зэрызэфІэувэ, гъащІэм хуиІэ епГыкІэхэм зэрызазхъуэж, гупсысэ узынщ иІэ зэрыхъум теухуащ.

- Нэхъапэм ди лэжьыгъэхэр щыдгъэлъэгъуэн утыку диІэтэкъым. Къищынэмыщ1аУэ, иджыри къэс зыдгъасэу арати, ди Іэдакъэщ1кІэр ц1ыхухэм я пащхьэм итлъхьэн хуэдэуи хъуатэкъым. Хьудеджа Коваленкэ Кирэ Абхъазым кино щытрихати, абы дыдэІэпыкъуащ. Мы зэманым ди проектхэм яужь дитщ, сценарийхэр дотх, - кІыддогуашэ щІалэщІэр.

«Лёгкая вина» кинофильмыр тезыха **Мусаевэ Малика** Іуэхум кърихьэлІэфакъым. Кинофильмым хэт Милана и щхьэгъусэм бгъэдэкІыжащ. Хъыджэбзым и насыпыншагъэр и анэм къыщыгурымыІуэм, диныр зыІыгъ я гъунэгъу цІыхубз ныбжьэгъу хуохъу. ИужькІэ пщащэр КъуэкІыпІэ Гъынэгъухэм ящыщ къэрал гуэрым террористхэм я тельхьэу зэуэну кІуаэу ехъ.

- Фильмым лъабжьэ хуэхъуар къэхъуа Іуэхущ. Цыху дэхуэхам и зэманым зыщІэбгъэкъуэн зэрыхуейрщ и гупсысэ нэхъыщхьэр. Ар иджырей жылагъуэм ди узыфащ, къыджьэхэмкІуэ Іуэху дыхьхьэнукъым, гущІэгъу тхэлъыжкъым. Иджыпсту сэ

Хьэмыкъуэ Олег

сценарий сотх, си гугъущ зэман гъунэгъум кинофильмыщІэ тесхыну», - жеІэ Малика.

Мэстафэ Тинэ и «Счастливая семья» кинофильмым зэхуищІыжащ зэІущІэр. Адэшхуэр къыщалъхуа мазуэм зэрыунагъуэу зэхуосыж. Абы и бынхэр, я щІэблэр, зэнысэгъухэр ззззгъыкъым. Я1пэщІыкІэ зызыхуагъэбзащэныну яужь ихьхэ, арщхьэкІэ куэдрэ яхуэмыхьу я жьэм къиихь зэхьаІэ, гужьгъажьгъ гъэтІыІъауэ я1эр крахкІут. Мурад нэхъыщхьэр апхуэдэ зэгурымыІуэныгъэ унагъуэхэм зэриІыр къэгъэлъэгъуэныр щІ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ*.

Нэхъыфіхэм я цІэ къраІуэ

● Футбол

«Спартак-Налшыкым» 2015 гъэр къызэрырихьэлІа щІыкІэр къазэрыщІэхъуар къыщапщытэжа щІэупщІэныгъэ ди республикэм и спорт журналистхэм драгъэкІуэкІащ. Абы щыгъэхъуащ футболист нэхъыфІыр, зэІущІэ дэзыхьэхар, гупым къемыхъулІар, нэхъ дахэу дагъэкІа топыр, нэгъуэщІхэри.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и цІыхубз хъыбарегъащІэ Іэнатіэкэм щылажьэ спорт журналист щІэныкІуІ зыхэта щІэупщІэныгъэм кърикІуахэм я1пэщІыхьмэ, нэгъабэ «Спартак-Налшыкым» хэту нэхъыфІ дыдэу зыкъыгъэлъэгъуащ гуащхьэхъумэныкъуэ **Каркаев Алим**. Абы я1пэ увыпІэр цІыхуихьм хуагъэфащащ.

Каркаевым кІыкІэлъэкІуэ гуащхьэтет **Антипов Антон**. Ещанэ хъуащ **Гугуев Магомед**.

2014 гъэм нэхъыфІу къалъыта «Спартак-Налшыкым» и капитан **Бажэ Амир** иджы лъысар еплІанэ увыпІэращ.

Гъэ кІуам ди командэм нэхъ къехъулІа зэІущІэу журналистхэм къащыхъуащ Новороссийск щыІэу щІыпІэ «Черноморец»-м драгъэкІуэкІар. Зэхьэзэхуэм щІахьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэр абы ди щІалэхэм 2:0-у щыхагъэщІащ.

Нэхъ я гу иримыхьар щызэхэтар Налшыкщ. Зэхьэзэхуэм къыщыкІэрыхуэхэм ящыщ «Биолог-Новокубанск»-м «Спартак-Налшыкыр» зэрыпэмыльэщар (0:0) куэдым я гу кьеуащ.

Топ нэхъ дахэ дыдэр Бажэ Амир дигъэкІауэ къалъытащ. Жыжьэу щыту еуэри, абы Грозно и «Тэрч-2»-м и гъуэр екІуу хигъэщІащ.

«Спартак-Налшыкым» къыхихьагъащІэхэм ящыщу спорт журналистхэр нэхъ арэзы зыщІар гъуащхьэтет Антипов Антонщ.

Ди футболистхэм иджыпстукІэ загъэпэжу. Мыгуэзу къызэрызыжьынурэ мыгъэрей зэхьэзэхуэм зыхуэгъэхьэзырын абыхэм щІадзэнущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Ныр Сеф ягу къагъэкІыж

● Дзюдо

Урысейм щІыхь зиІэ и тренер Ныр Сеф и фэеплъу дзюдомкІэ республикэпсо турнир КъБКъУ-м и спорткомплексым щекІуэкІащ.

НЫР Сеф Дзэлыкъуэ щІыналъэм хьхьэ Къармахъэлэ къуажэм къыщалъхуащ. Абы и гъащІэ псор ирихьэлІащ тренер лэжьыгъэм, къытщІэхъуэ щІэблэр спортым дегъэхьэныным. Ар щылэжьащ «Динамо», иужькІэ «Спартак» спорт зэгухьэныгъэхэм. 1972 гъэм абы и фІыгъэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыІэуахащ дзюдомрэ самбэмрэ я я1пэ секцэхэр. Ар зэрылажьэ зэманым къриубыдэу хузэфІэкІащ Урысейми дуней псоми ц1эрыІуэ щыхъуа спортсмен куэд игъэсэну.

Ныр Сеф и фэеплъу екІуэкІа 10-нэ турнирыр къызэрагъэпэщащ КъБР-м Спортымкі1э и министерствэмрэ КъБКъУ-м и спорткомплексымрэ. Зэпеуэм кърихьэлІащ КИФЦІ-м и щІыналъэхэм къикІа, 2003 - 2004 гъэхэм къалъхуа спортсмен ныбжьыщІэхэу 250-м щІигъу.

Зэхьэзэхуэр къыщыІэуахым Нырыр ягу къагъэкІыжу къэпсэлъахэщ КъБКъУ-м и ректор **Альтуд Юрэ**, КъБР-м спортымкІэ и министрым и къуэдзэ **Анаев Асльэн**, Налшык къалэ Администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ **Бэджыдэ Мухьэмэд**, УФ-м щІыхь зиІэ и тренер **Пчёлкин Вячеслав** сымэ.

Ныр Сеф и фэеплъ турнирыр удэзыхьэхыу екІуэкІащ. Я хьэлъэ елъытагъ абы пашэныгъэр щабыдащ Гусев Роман, КІэблахъуэ Хьэлий, Сирик Данил, Бжамбахъуэ Замир, Маев Омар, Тхьэкъуахъуэ Азэмэт, Драновский Игорь, Джамалов Нурмагомед, Кьуныжь Руслан, Къумыкъу Темболэт сымэ.

НэгъуэщІ зы Іуэхугъуэ гуапи КъБКъУ-м и спорткомплексым я махуэм щызэхэтащ. Фызэрыщыгъуазэщи, къызэрызэрагъэпэщ-рэ куэд мыщІами, Урысейм и чемпионатым дыжьын, жэз медалхэр къыщызыхьа, дзюдомкІэ «КъБР» клубым хэтхэм Іэмал ягъуэтащ Рим щекІуэкІыну, «Европэм и дыщэ лигэ» турнирым хэтыну. Ар зи фІыгъэхэу Арданов Заур, Лъапэнагъуэ Асльэн, Хубецов Алан, ЩауэуІэкІу Рустам, Хьэпщ1э Артур, Магомедов Магомед, ГъущІапщэ Самир, Мусэ Ахьмэд, Бабыгуей Олег, Омаров Арсен, Джэданэ Алим, Гъэунэ Анзор, Джэданэ Залым сымэ щІыхь тхыльхэр яритащ Альтуд Юрэ.

НАФІЭДЗ Мухьэмэд.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЬкэкІэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щ1хьэщэмыщ1 Иэ**.

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкі1э - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетыр 1994 гъэм мэкъуаущхъуэм и 14-м Печатым и хуитныныгъэр хъумэныкІ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту я1тхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкі Соня**, редактору **Жыласэ Заурбэч**, корректорхэу **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.)*, **ПхытІыкІ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.)*, *КомпьютеркІэ газетым и тепІэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м, щытрадзар сыхьэт 19.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.167 ● Заказ №17